

## РÆСТАГ ГЪУДДАГБÆЛ РÆСТУОДÆЙ КА АРХАЙУЙ, УОЙ НАМУС ÆХУÆДÆГ ИССЕРУЙ!..

***Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр, æфсади инæлар Плити Иссæ: «Советон адæймаг лæдæрдтæй, цæй æма ке сæрбæлтау тох кæнуй, цæй фæдбæл æ цард дæр ратдзæнæй знагбæл фæуууæлахез уни туххæй. Гъе уомæ гæсгæ дзиллонæй бæгъатæрдзийнадæ æвдистонцæ не 'фсæддонтæ æма командиртæ… Æз алкæддæр сæрустур уодзæнæн, уæхæн тугъдонтæн разамунд дæттуни кадæ мæмæ ке æрхаудтæй, уомæй…»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№16 (985) 2025 анзи 30 апърел – хумидайæни мæйæ

Аргъ 1 туман


### НЕКЕ ÆЙ ИРОНХ, НЕЦИ ÆЙ ИРОНХ!..

# «ÆРУАГÆС НИ КÆНУЙ, МАХ КЕ ФÆУУÆЛАХЕЗ УОДЗИНАН!..»



Чиколай дзиллæй Райгурæн бæсти сæрбæлтау æ цард ка иснивонд кодта, уони номерæнæн мемориал сæ райгурæн гъæуи.

Номдзуд финсæг æма журналист, æхсаргин тугъдон Хуадонти Басиати фурт Исси райгурдбæл 3 майи æнхæст кæнуй финддæс æма фондзинсæй анзи (1910-1942). Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд уайтæккæдæр фæннæхстæр æй Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон æрдонгтæй фæййервæзуни тохмæ. Еци рæстæгути æ цардæмбал Меримæ рæстæгæй-рæстæгмæ ци финстæгутæ исæрветидæ, уонæй еуеми нифсгунæй финста: «Нæ еугуремæй дæр æруагæс кæнуй, мах ке фæуууæлахез уодзинан, е…» Æма æцæгæйдæр уотæ ке рауадæй, уой Хуадони-фурт æхе цæститæй, гъулæггагæн, нæбал фæууидта – æ цард иснивонд кодта уарзон Фидибæсти сæрбæлтау...

Æма ин абони æ рохс ном æримисун æма исцитгин кæнунæй нæхе ихæсгинæй нимайгæй, мухур кæнæн æ цардвæндаг æма исфæлдистади туххæй æрмæгутæ, уæдта æ зундгонд роман «Устур горæти»-æй кæронбæттæн хай. Нæ радзубанди идайгæ ба кæнæн, Цæгат Иристони адæмон поэт **Бабочити Руслан** ци æмдзæвгæ ниффинста Хуадонти Исси номерæнæн, уомæй.

### ХУАДОНТИ ЗИНГХУСТ ИССÆН

*Фудæзнаг нин нæ бæстæмæ*
*Ку исбуцæу кодта æ реу,*
*Нæ фæккастæ ду фæстæмæ*
*Уæд, Хуадонти сахъ биццеу.*

*Дæ финсæн сес, бæрзæй къолæй,*
*Рацæй кодтай уæд еуварс.*
*Ду æ размæ и фудголæн*
*Æристадтæ, куд цæф арс.*

*Æндури хузæн фестадтæ*
*Къахæй сæрмæ фур итинг.*
*Тохи медæг æндон адтæ,*
*Нарти лæгдæрау – сурх зинг.*

*Æнæравги уæззау тугъди*
*Ку бафтудтæ ду, Иссæ,*
*Уæд лæгмарти исрæмугътай*
*'Ма фестадæнцæ къинсæ…*

*Фал, бастъæлгæй æвадуати,*
*Тар ку кодта дæ дуйне,*
*Уæд загътай ма: «Хъазауати*
*Æнæ уотæ уæн нæййес…»*

*Æвæдзи ма, дæ уод есгæй,*
*Дигорон дон имистай,*
*Еци тухсгæй, еци ресгæй*
*Фæстагæнттæн фæдзахстай.*

*Цума нæмæ бараггенæй*
*Уотæ дзурдтай фæлмæнæй.*
*«О, мæ хортæ, разиннетæ*
*Берæ нивгундæр мæнæй…*

*Æрцæуæд уæбæл мæ й' арфæ, –*
*Берæ фæццæрун хуарз æй,*
*Фал ку 'рлæууй тохи афæй,*
*Æй цæугæ уæдта разæй!*

*Дон ку райвулуй медгъæуи,*
*Ку 'стæссаг уй æ уайун,*
*Ауазун æй уæд фæгъгъæуй,*
*Уæд си фæгъгъæуй найун…*

*Арв е 'мбæрцæ ку ниссау уй,*
*Ку радаруй арв лæкъун,*
*Испæрт кæнун уæд федауй,*
*Уæд фæгъгъæуй рохс кæнун...*

*Дуйней зæрди фуди бони*
*Ку ниццæуа нидæн арт,*
*Гъæуама си къудуронæн*
*Уæд байвæра æ цард…»*

## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»



**ДЗАМПАТИ Дзамболати фурт Бимболат (1916-1995)**



**ТУСКЪАТИ Мæхæмæти фурт Борнæф**



**ХУАСДЗАУТИ Хадзимæти фурт Агубе (1900-1983)**



**ХУАСДЗАУТИ Сабей фурт Хадзисмел (1909-1942)**

*Нæ цитгин Уæлахези цуппаринсæй анзей кадæн Цæгат Иристони Паддзахадон медицинон академий студенттæ æма ахургæнгутæ Дзæуæгигъæуи «Сапицкая будка», зæгъгæ, ке хонунцæ, еци фæлладуадзæн рауæни исаразтонцæ зеу, бакодтонцæ си æфснайæн куститæ, ниссагътонцæ си цуппаринсæй бæласи, мингай дедендгутæ. Кæми сæ ниссагътонцæ, еци рауæн ба исхудтонцæ «Ветеранти Аллея».*

«ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»



ХЕКЪИЛАТИ Тæтæрхъани фурт Темурхъан (Дега) (1920-1943)



ХОЦАОНТИ Бареги фурт Хангерий (1903-1988)



ХУАДОНТИ Басяти фурт Тазрет (1902-1944)



ХУАДОНТИ Дзигой фурт Тазæрет (1913-1999)



# МÆ ФИДИ ЦИТГИЙНАГ ЦАРДВÆНДАГ

Мæ цардвæндаги райевгъуд рæстæгутæмæ фæстæмæ ку ракæсун, уæд си кæцидæр хабæрттæ зæрдæхцæуæнæй æримисун, кæцидæрти ба – фæсмойнагæй. Мæ зæрдæхцæуæн имисуйнæгтæ ба æнцæ – мæ сабийдоги бæнттæ мæ арфæгонд Стур-Дигори. Уони цæхъал мин алæмæти удæнцойнæ хæссуй, уомæн æма Стур-Дигорæ мин уотид райгурæн гъæубæстæ нæй, фал мин æй, мæ мадæ æма мæ фиди, мæ хуæрти æма ме ’нсувæрти къахвæдтæ кæбæл байзадæнцæ, еци фæрнæйдзаг зæнхæ.

Ку зæгъун, мæ ирисхъи райевгъуд рæстæгути мин фæсмойнагæй дæр цидæртæ ес, фиццагидæр мин зин æй, мæ хъазар мадæ æма фиди, нæ муггаг Цопанти, мæ зæрдтагон хеуæнтти цардвæндаги хабæрттæ, абони мæ куд фæндуй, уотæ бæлвурдæй кæрæйкæронмæ базонун мин ке нæ бантæстæй, е.

Фал уæддæр мæ зæрдæбæл ци бадардтон, уонæй мæ абони æримисун фæндуй мæ фидæ Цопанти Бадзей фурт Геуæргий рохс ном. Уой дæр уомæ гæсгæ, æма рæхги ке цуппаринсæй анзей бæрæгбон бæрæг кæндзинан, нæ еци Цитгин Уæлахези сæрбæлтау хъазауатонæй ка фæхъхъиамæт кодта, уонæй еу адтæй мæ фидæ дæр.

Цопанти Бадзей фурт Садуллæн адтæй цуппар фурти – Айдарухъ (райгурдæй 1917 анзи), Геуæрги (1919 анзи), Майрæн (1920 анзи) æма Лазæр (1922 анзи), уæдта дууæ кизги – Дзæнюхæ æма Батий. Сæ мадæ ба – Майрæнсаути Бордзеу (Борæхан). Архиви гæгъæдити куд финст æрцудæй, уотемæй Цопанти хæдзарæмæ 1935 анзи зæнхæ адтæй гектари цуппæрæймаг хаййи бæрцæ, дууæ гъоги, еу уæс, еу фус, еу хæрæг. Берæ бийнонтæ кæд æнцон цард нæ кодтонцæ, уæддæр сæ цардæй ба нæ гъаст кодтонцæ. Алкедæр си æ равгитæ æма гæнæнтæмæ гæсгæ архайдта, сæ исонибон зæрдæмæдзæугæдæр уодзæнæй, зæгъгæ, разæнгард адтæнцæ.

Фал уой æнгъæл си ка адтæй, æма исонибон ба уæлдай гъезæмайраг ке разиндзæнæй, сæ сабур цард син ке фехалдзæнæнцæ немуцаг-фашистон æрдонгтæ, нæ Райгурæн бæстæмæ гадзирахаттæй æрбалæборгæй… Райдæдта Устур Фидибæстон тугъд. Знаги нихмæ тохмæ фиццæгти хæццæ рандæнцæ æнсувæртæ Айдарухъ æма Майрæн… Гъулæггагæн, сæ тугъдон нæдтæ рауадæнцæ æгæр цубур – бæгъатæрæй фæммард æнцæ тугъди райдайæни.

Мæ фидæ, Цопанти Геуæрги, 1940 анзи адтæй Сурх Æфсади рæнгъити. Тугъди райдайæн æй æрæййафта Украини зæнхæбæл. Адтæй Хонсар-Нигулæн фронти, Киеви бунмæ. Уæд 6-аг æма 12-аг æфсæдтæ 1941 анзи августи райдайæни фашистти æрхъолай бахаудтæнцæ, мингай рæнгъон æфсæддонтæ æма комæндиртæ, сабур цæрæг адæм цагъди кодтонцæ. Еци карзæй-карздæр рæстæги ( 1941 анзи 16 августи) рацудæй бардзурд №270, æма си куд амунд адтæй, уотемæй советон тугъдонтæ цийфæндий уавæрти равзургæй дæр маймайиддæр ма бахауонцæ знагмæ уацари, сæхе гъæуай кæнонцæ уомæй.



ЦОПАНТИ Геуæрги тугъди рæстæги.



ЦОПАНТИ Геуæрги фæстугъд рæстæги.

Еци хабари æма уой хæццæ баст цаути туххæй кæддæр номдзуд финсæг Константин Симонов ниффинста уац «Уроки правды», мухургонд æрцудæй журнал «Наука и жизнь»-и 1988 анзи цуппæрæймаг номери. Знаги нихмæ тохгæнæг адæмæн мæлæт равзарун хуæздæрбæл нимад адтæй, уомæн æма уацайраг лæг нимад цудæй Фидибæстæ уæйæгæнæгбæл. Мингай æфсæддонтæ, уони хæццæ мæ фидæ дæр, 1941 анзи августи æрхъолай бахаудтæнцæ æма син уордæгæй райервæзуни фадуат нæбал фæцæй, равзурдæнцæ фашистон концлагери. Иннæ советон уацайрæгти хæццæ берæ маст, рист æма гъезæмæрттæ бавзурста нæ фидæ. Æ имисуйнæгти дзоридæ, куд æнæхатир, тогмондаг адтæнцæ гитлеронтæ. Адæмбæл концлагери стонг æма цъумурæй тиф исистадæй, мардæнцæ сæдæгæйттæй. Мадта систитæ дæр си уотæ исберæ ’нцæ, æма раст къæхти буни хæрст-хæрст кæниуонцæ.

Еу бон уацайрæгти сæ баpактæй æндæмæ ракодтонцæ æма сæ фæрсунцæ, косарт кæнун си ка зонуй, зæгъгæ. Фиццаг неке æндиудта дзорун: алкедæр тарстæй, кæд нæ фехсуйнаг æнцæ, зæгъгæ. Фал уæддæр цалдæремæй, уони хæццæ мæ фидæ дæр, сæ нифс бахастонцæ, косарт кæнунмæ ке арæхсунцæ, уой иской кæнунмæ. Уотæ рауадæй, æма сæ косунмæ барвистонцæ уацайрæгтæн хуæруйнаг кæнунмæ. Æрбаласиуонцæ мард бæхтæ æма уацайрæгтæн уонæй хуæруйнаг кодтонцæ, цаййæн ба – салд къумбултæ. Геуæргий хæццæ Иристонæй дæр кадæртæ адтæй. Еу хатт мæ фидæ зонгæ лæгæн уæлдай цолпи хуæруйнаг æркодта. Немуцаг æй рауидта æмæ ’й хъæбæр æрцæфтæ кодта. Геуæргий æ бунатæй фендæ кодтонцæ. Фал немуцæн косгутæ нæ фагæ кодта, æма ’й фæстæмæ барвистонцæ хуæруйнаггæнгутæмæ.

Геуæргий хæццæ 1943 анзи концлагери Польши, Веселое, зæгъгæ, уæхæн гъæуи адтæй Созайти Дриси фурт Таймораз. Апърели уацайрæгти Польшæй баластонцæ Пугачеви гъæумæ, сахар Брести размæ.

Уацайрæгтæ раледзунмæ бæргæ багъавиуонцæ, фал син уæхæн равгæ ке нæ уидæ, уомæ гæсгæ фæстæтæрæ кодтонцæ. Уæхæн равгæ син фæцæй 1943 анзи майи æма сæ гандзайæй ралигъдæнцæ цалдæремæй. Раледзуни фæндæ, уæдта æ исæнхæст кæнунбæл байархайдта Созайти Таймораз. Ралигъдæнцæ æхсæвигон, æнæзонгæ рауæни уогæй. Немуц сæ сæ фæд-фæд расурдтонцæ. Æхстонцæ сæ. Цалдæремæй фæммард æнцæ, адтæй си цæфтæ дæр, фæццæф æй Созайти Таймораз дæр…

Мæ фидæ цалдæрей хæццæ Белоруссий партизантæмæ бафтудæй. Тухтонцæ гитлеронти нихмæ. Адтæнцæ И.В. Сталини номбæл бригади М.В Фрунзей къуари. Партизанти хæццæ ке адтæй, уой туххæй мæ фидæмæ адтæй æвдесæндар. Партизанти къуари фæцæй 1943 анзи 23 маййæй 1944 анзмæ 30 мартъимæ. Æ хæццæ ма адтæнцæ Æгъузарти Хаджимусси фурт Тасолтан, Хъойбайти Сандири фурт Доти, Будайти Басили фурт Агубе.

Мартъий мæйи Геуæрги фæццæф æй. Госпитæли фæцæй 1944 анзи 13 апърелæй 1944 анзи 26 июнмæ. Мæйи æмгъудæй æй рауагътонцæ хæдзарæмæ. 1944 анзи августи раздахтæй фронтмæ. Хуарзæнхæгонд адтæй ордентæ æма майдантæй. Мæ фидæн тугъд фæцæй 1945 анзи 16 апърели, мини ’схъесæй æ галеу къах ку фæллух æй, уæд. Госпитæли фæцæй æртиндæс мæйи. Стур-Дигорæмæ æрæздахтæй 1946 анзи. Уой фæсте 1950-1951 æнзти ахур кодта Цæгат Иристони базарадон-кооперативон скъолай. Райста бухгалтери дæснийадæ. Ци документ ин равардтонцæ, уоми ес айдагъдæр «фондзтæ». Куста хуæнхбæсти, Мæцути.

Фæстæдæр, 1957 анзæй æ мæлæти бонмæ, кæдзос къохæй, æнæсайд куст фæккодта Алагири дзолфицæн заводи хестæр бухгалтерæй. Уарзта цард, хеуæнттæбæл хъæбæр æновуд адтæй, æгадæ миуæ æ сæрмæ некæд æрхаста.

Геуæрги тугъди тумугътæй, концлагерти зин уавæртæй, партизанти хæццæ гитлеронти нихмæ тугъдтитæй уæлахезæй рацудæй, фал æ райгурæн зæнхæбæл ба ’й адзал æрæййафта – фæндаггон бæлахи фæммард æй.

Рохсаг уо, мæ цитгин фидæ Геуæрги, хеуæнттæн хъæбæр уарзон адæймаг! Ка дæ зудта, етæ цалинмæ уодмедæг уонцæ, уæдмæ дæ имисдзæнæнцæ.

***ЦОПАНТИ Ритæ,***
***филологон наукити доктор, Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети ирон æвзаги кафедри профессор.***

**Цуппаринсæй анзей размæ (1945 анзи 30 апърели) советон тугъдонтæ Уæлахези Туруса æрсагътонцæ бунсаст Берлини рейхстаги сæрмæ.**

*Хуадонти Исси финстæгутæй æ цардæмбал Меримæ: «Нæхе хъазауатонæй цæттæ кæнæн тугъдмæ рандæунмæ... Ахур кæнæн нæ хъауритæбæл нæ ауæрдгæй... Нæ еугуремæй дæр æруагæс кæнуй, мах ке фæууæлахез уодзинан, нæ нихмæ æ тохæнгæрзтæ ка рабаста, еци богъдабий Гитлерæн Сурх Æфсади цæфтæй æ мæлæт ке ’рцæудзæнæй...»*





Хуадонти æнсувæртæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): Тазе, Иссæ, (æртиккаг ка ’й, е бæрæг нæй) æма Муса.

# Æ РОХС НОМ ÆНОСТÆМÆ ЦÆРДЗÆНÆЙ НÆ ЗÆРДИТИ!..

Елхотти станцæ. Изæйрон фæлмæн думгæ адæймагæн æхцæуæндзийнадæ лæвардта.

Поезд рараст æй Даргъ-Къохи ’рдæмæ. Вагæнттæй еуей дуари рæбун лæудтæй бæрзонд, иуонггинтæарæзт æригон лæ-хъуæн. Æ конд æма æ бакастæй бæрæг адтæй, æцæг нæлгоймаги менеугутæй æнхæст ке æй, е. Уотæ кастæй, цума æ тухæ ци фæккодтайдæ, уой нæ зудта.

Кæд сатæг думгæ кодта, уæддæр æ фæтæн тæрнихбæл фæрдгути хузæн æрттивтонцæ хеди æртæхтæ. Рæстæгæй-рæстæгмæ сæ уорс къохмæрзæнæй расæрфидæ. Дæс æма инсæй километри фестæгæй фæццудæй, поезд рараст кæнунмæ куддæр гъавта, уотæ æрбахъæрттæй станцæмæ. Мадта ма имæ уаргъ дæр адтæй – устур уæззау чумæдан.

Адтæй е 1927 анзи. Иссæ ранæхстæр æй ахур кæнунмæ «устур горæтмæ». Уотæ исхудта, фæстæдæр ци роман ниффинста, уой дæр. Зæрдæргъæвд, искурдиадæгин биццеу бæлдтæй ахурмæ.

Ленингради каст фæцæй рабфак, уой фæсте ба электро-механикон институт. Фал, е дæр Иссæмæ фагæ нæ фæккастæй æма бацудæй юридикон факультетмæ.

Рагæй дæр уарзта аййевадон литературæ. Хъисмæти азар æй ку нæ баййафтайдæ, уæд гъæуама иссайдæ зингæ финсæг, фал цубур рæстæгмæ ци литературон куст бакодта, уоми дæр ин минкъий нæ бантæстæй. Иссæ ахур дæр кодта, финсгæ дæр. 1933 анзи мухурæй рацудæй æ фиццаг роман «Гибель корана», уруссаг æвзагбæл. Уомæй минкъий фæстæдæр ба дигорон æвзагбæл ниффинста æма мухургонд æрцудæй æ иннæ роман «Устур горæти». Дууæ романеми дæр аййевадон æгъдауæй æвдист æрцудæй, кæддæр талингæ ка адтæй, уæхæн адæмæй рацæуæг æригон адæймаг. Советон хецаудзийнади фæрци ахургонддзийнадæ райста, æхсæнадæн пайдайаг лæг иссæй, уой си равдиста. Бæрæг æй, дууæ уадзимиси дæр хе цардæй райсгæ ’нцæ, е.

Ахур кæнгæй ма Хуадонти Иссæ кодта æхсæнадон куст дæр. Адтæй Скæсæни адæмти хæдзари директор. Еци рæстæг Ленингради ахур кодтонцæ ирон æма æндæр адæмти фæсевæдæй беретæ. Етæ ахид æрæмбурд уиуонцæ еци хæдзари æма дзубанди кодтонцæ аллихузи фарстати фæдбæл.

1936 анзи Иссæ каст фæцæй юридикон факультет. Искурдиадæгин адæймагмæ сæ цæстæ æрдардтонцæ центрон мухури косгутæ æма ’й рарвистонцæ сæрмагонд уацхæссæгæй Туркменимæ. Куста Ашхабади. Цубур рæстæгмæ Хуадони-фурт Азий адæмти цардæй иронау ниффинста повесть «Джума», мухургонд æрцудæй журнал «Мах дуг»-и.

1939 анзи сæйгæй Иссæ исæздахтæй æ райгурæн гъæу Чиколамæ. Уæдмæ дуйней сæрмæ æмбурд кæнун райдæдтонцæ сау мегътæ. Хуадони-фуртмæ фæдздзуртонцæ æфсади рæнгъитæмæ. Куста нæ республики тугъдон комиссариати, уой фæсте ба сахар Кропоткини тугъдон комиссариати, уæдта ’й рарвистонцæ Сталинградмæ, æфсæддон газети редакторæй. Уордигæй æй 1940 анзи рарвистонцæ Мæскуй Куйбышеви номбæл Æфсæддон-инженерон Академимæ. Ами æй æрæййафта Устур Фидибæстон тугъд. Советон адæм, æндон мæсуги хузæн, æрлæудтæнцæ знаги нихмæ. Академий дуæрттæ унгæг кæсун райдæдтонцæ Иссæмæ дæр. Зæрдæ дзурдта тохмæ.

«Хуарз æй ахур кæнун дæр, фал нуртæккæ сæйрагдæр æй Райгурæн бæсти хуæдбарæдзийнадæ багъæуай кæнун, нæ адæми кадæ дæлæмæ не ’руадзун. Уомæ гæсгæ æз мæхецæн ихæсбæл нимайун гитлеронти нихмæ тохæнгарзи хæццæ æрлæуун æма лæгæй-лægмæ тох кæнун. Корун: рарвететæ мæ тохæг æфсадмæ».

Уотæ финста æ искурдиади Мæскуй тугъдон комиссариатмæ коммунист Хуадони-фурт. Æ искуриадæ æнхæстгонд æрцудæй æма ’й рарвистонцæ сахар Орджоникидземæ сæрмагонд фæдзæхсти хæццæ. Ци устур хъаурæ æма имæ зонун-дзийнæдтæ адтæй, уони æрæмбурд кодта, бавналдта зин, фал кадгин ихæс æнхæст кæнунмæ. Фиццаг рæстæг бригадæн командир адтæй Хуадони-фурт. Уой фæсте ин æрбарвистонцæ æндæр командир. Иссæ ба иссæй бригади штаби хецау.

1942 анзи райдайæни бригадæ десантæй гæлст æрцудæй Керчи районмæ. Тогкалæн тугъдтити бригадæ сурдта гитлеронти. Лæгигъæдæ æма бæгъатæрдзийнадæ æвдиста штаби хецау майор Хуадони-фурт. Е алли тохи дæр разæй цудæй, разæнгард кодта æ тугъдон æмбæлтти знаги дæрæн кæнунмæ. Хуарз имæ игъустонцæ, цудæнцæ æ фæсте, уомæн æма æнæгъæуаги некæд неке бафхуардта, берæ ’й уарзтонцæ, æ дзурдæн ин кадæ кодтонцæ.

«Æз некæд феронх кæндзæнæн, еци бæгъатæр адæймаг кутемæй фæммард æй, уой. Дууæ-æртæ хатти фулдæр тухти хæццæ немуцæгтæ æма румынæгтæ еци бон фæндзæймаг хатт æрбацудæнцæ атаки нæ бригадæбæл. Нæ нихмæ цудæй æнæгъæнæ дивизи берæ танкити хæццæ. Уавæр фæттæссагдæр æй, уой фæууингæй, Хуадони-фурт командæгæнæн пунктæй фæррраст æй тохи карзмæ. Æз хуарз уидтон, тугъд куд цудæй, уой. Знаги дууæ танки Иссæ исрæмугъта гранатæй, фал иннетæ уæддæр бурдæнцæ нæ акъоппитæмæ. Сæ фæсте ба автоматчиктæ. Иссæ æрбадтæй æ уæрагбæл æма автоматæй цагъта знаги. Æхсгæ-æхсгæй кодта ирон зар. Æ фарсмæ нæ тугъдонæн некебал байзадæй, уотемæй ибæл æртеголæ ’нцæ немуцæгтæ. Цалинмæ ма æ автомати нæмуг адтæй, уæдмæ дæрæн кодта расуг гитлеронти...»

Бригади командир адтæй болкъон орджоникидзейаг Богданов, зудта Исси нийййергути. Немуц Иристонмæ ку ’рбахæстæг æнцæ, уæд æ уосæ æма æ уоси мадæ фæллигъдæнцæ Дигоргоммæ. Иристон знаги дзæмбутæй ку исуæгъдæ ’й, уæд сæ Мæхческæй Чиколамæ раласта Исси æнсувæри биццеу Морат, нур æй Ирæфи райони адæмон тæрхонгæнæг.

Берæ рæстæг нæ рацудæй, уотæ бригади командир болкъон Богданов æма Морат фембалдæнцæ Орджоникидзей. Гъе, еци фембæлди болкъон Моратæн радзурдта Исси бæгъатæрдзийнади хабæрттæ.

Гъе уæхæн æй, финсæг, тугъдон æма патриот Хуадонти Исси царди над. Цубур адтæй æ цард (райгурдæй 1910 анзи), фал уæддæр е махæн ниууагъта къуар киунуги, райгурæн бæсти æууæнки аккаг хъæболæ ке адтæй, уомæн хуарз æвдесæндартæ ’нцæ – «Сурх Стъалуй» æма «Сурх Турусай» ордентæ, уæдта майдантæ.

Байзадæй ин дууæ кизги. Сæ еу – Эльвирæ райста уæлдæр ахургонддзийнадæ. Нуртæккæ æхуæдæг иссæй биййонти мадæ; иннæ кизгæ – Фатимæ ахургæнæгæй косуй Цæгат Иристони педагогон институти. Сæ мадæ – Карсанти Меретхан финддæс æма инсæй анзи фæккуста ахургæнæгæй.

Цæруй æма цæрдзæнæй нæ зæрдити искурдиадæгин финсæг, бæгъатæр тугъдон æма æхседгæ коммунист Хуадонти Басиати фурт Исси рохс ном.

***КЕРТАНТИ Тæхир,***
***ГОБАТИ Геуæрги***
***газет «Рæстдзинад», 1980 анз.***

## Æ ЦАРДВÆНДАГ – ЦИТГИН, Æ ХЪИАМÆТТÆ – ИМИСУЙНАГ...



***Хуадонти Басиати фурт Иссæ райгурдæй 1910 анзи 3 майи гъæу Магометановскийи (нури Чиколай). 1926 анзи ахур кæнунмæ бацудæй Ленингради косгути факультетмæ (рабфакмæ). Уой фæсте ба каст фæцæй Ленингради электро-механикон институт. Фæстæдæр ма ахур кæнунмæ бацудæй Ленингради университети юридикон факультетмæ. Ахур кæнгæй ма разамунд лæвардта еци сахари цæрæг Хорискæсæни адæмихæттити артдзæстæн. Хуадонти Исси фиццаг киунугæ «Гибель Корана» дуйней рохс фæууидта 1933 анзи. Анзи фæсте ба Иссæн рацудæй «В большом городе», зæгъгæ, романи фиццаг хай. Устур адтæнцæ æ исфæлдистадон бæлдитæ, фал уæдмæ райдæдта Устур Фидибæстон тугъд. Уой тæккæ райдайæни Хуадони-фурт ахур кодта тугъдон-æфсæддон академий 3-аг къурси. Тугъди устур æскъуæлхтдзийнæдтæ ке равдиста, уой туххæй хуарзæнхæгонд æрцудæй Сурх Турусай дууæ æма Сурх Стъалуй ордентæй. 1942 анзи мартъий мæйи гвардий майор Хуадонти Иссæ бæгъатæрæй фæммард æй Керчи райони. Номдзуд финсæг æма тугъдон Хуадонти Басиати фурт Исси ном иронх нæй нæ дзиллæй. Имисунцæ ’й, кадæ ин кæнунцæ, абони Чиколай 3-аг астæуккаг скъола хæссуй æ ном, скъолай азгъунсти фарсбæл ин æвæрд æрцудæй мемориалон дорин фæйнæг.***

**Цуппаринсæй анзей размæ (1945 анзи 2 майи) 1-аг Белоруссаг æма 1-аг Украинаг Фронтти æфсæдтæ фæцæнцæ дæрæнгонд знаги устур æфсæддон къуæрттæ æма æнæгъæнæйдæр Берлин байахæстонцæ.**

***ХУАДОНТИ Исси æ цардæмбал Меримæ финстæгутæй: «Берæ сагъæстæ, берæ бакæнуйнаг гъуддæгутæ мин ес (ахур, тугъд...), фал ма уæддæр мæ сæри устур бунат разиндзæнæй дæуæн æма нæ бæдæлттæн. Æхцай морæ уæмæ ке нæййес, е ба мæ бустæги маруй, фал уин уæ царди уавæр фæххуæздæр кæнунæн уотæ уайтæккæ неци мадзал ерун...***




Хуадонти æнсувæртæн ХУАДОНТИ Мусай фурт Зураппи (рохсаг уæд...) хъæппæресæй аци циртдзæвæн æвæрд æрцудæй Чиколай бæрæгастæу уæлмæрдти.

# ХЪАУРÆГИН ЛÆГМÆ ТУХÆ РАЗИННУЙ ЦИЙФÆНДИ УАВÆРТИ ДÆР...



**МАМСУРАТИ Дæбе (1909-1966),** финсæг

***Фал нæбал æрæздахтæй еци тугъдæй Иссæ. Ка 'й зонуй, абони ма æгас ку адтайдæ Иссæ, уæд æрæвæридæ æ роман «Устур горæти» фарсмæ «Устур тугъди», зæгъгæ, никки тухгиндæр æма рæсугъддæр финст роман. Фал æнæкæрон берæ ци советон Райгурæн бæстæ уарзта, уой кадæ æма сабурдзийнади сæрбæлтау равардта е 'ригон æма рæсугъд цард.***

Искурдиадæгин финсæг æма бæгъатæр тугъдон лæгæй зонæн мах Хуадонти Исси. Æ дессаги дзæбæх литературон финститæ ин ка кастæй, ци æфсæддон хæйттæй командæ кодта Устур Фидибæстон тугъди рæстæги, уоми æ къохи æма æ дæлбарæ ка 'дтæй, æ хæццæ тугъди зиндзийнæдтæ ка æвзурста, æ хæццæ тугъди ка бурстæй размæ, уонæй берети зæрдæбæл ахид æрлæууй нæ хуарз æмбал, финсæг Хуадонти Иссæ. Е десантон къуарæн командæ кæнгæй, бæгъатæрæй фæммард æй Туапсей бунмæ тугъдтити. Фал æ ном махæн иронхуати уадзгæ нæй. Уотемæй ба 'й ахид не 'римисæн, сауæнгæ ма тугъди ци бæгъатæр æригон финсгутæ фæммард æнцæ, уонæбæл ку фæдздзорæн, уæддæр ин æ кой ахид не 'скæнæн. Е, ке зæгъун æй гъæуй, рæдуд гъуддаг æй. Гъæуама адæм зононцæ, Иссæ ци литературон бунтæ ниууагъта, уони.

Хæстæг хæларæй рацардæй мæ хæццæ Хуадонти Иссæ, цалинмæ фронтмæ нæма рандæй, уæдмæ. Æма ин æ ном хуарзæй æримисуни туххæй, зæгъунмæ гъавун цалдæр дзурди, ци си зонун мæхуæдæг, уой туххæй. 1933 анзи æз еуцæйдæрбæрцæ рæстæг ахур кодтон Ленингради университети. Нæ тæккæ фарсмæ адтæй юридикон институт – «Институт советского права». Университети адтæй литературон къуар. Иуазгутæ ахиддæр адтæнцæ нæ номдзуд финсгутæ: Николай Тихонов, Александр Прокофьев, Юрий Герман æма иннетæ.

Еухатт нæ къуарæн адтæй æмбурд. Æмбурд нæма райдæдта, уотемæй мах цалдæремæй бакъуар ан институти фиццаг уæладзуги вестибюли æма дзубандитæбæл фæцан. Еци рæстæг нæ размæ 'рбацудæй нæхе карæн, ка 'й зонуй, æма минкъий кæстæрдæр, бæрзæндтæ биццеу, хуæрзконд, къæбæлдзугсæр. Устур сау цæститæ калдтонцæ игъæлдзæгдзийнади тæмæнтæ.

– Бахатир кæнетæ, фал уæ къуари Мамсурати Дæбе, зæгъгæ, еу æригон финсæг ес. Фæндуй мæ æ базонун.

Æз ин байамудтон мæхе.

– Мадта æз дæр ирон дæн, чиколайаг, Хуадонти Иссæ.

Кæрæдзебæл бацийнæ кодтан.

– Кæд дæ евдæлуй еуминкъий, уæд мæ дзубандимæ гъæуис, Дæбе.

– Дæ хуарзæнхæй!

Минкъий идарддæр рацудан иннетæй. Ме 'мбæлттæй хатир ракурдтон, сæ разæй мæ ке цæун кæнуй, уой туххæй.

– Æз дæ фæсаууонмæ зонун, фæккæсун дæ финститæ, фал мæ ду гъæуама цæмæй зонай! Æз дæр литератури мæхе гъезæмарæй марун. Ахур мæнæ уæ тæккæ фарсмæ кæнун, институт советского правайи æртиккаг къурси. Уæддæр мæ литературæ цæмæндæр æхемæ ласуй, æма си кæд мæ хъаурæ неци бæзгин хъуæцæ исуадздзæнæй, уæддæр си мæхе тохæнæй марун.

– Æма дин æз дæ финститæ ку некæдма бакастæн. Неци ма дин фæззиндтæй мухури?

Дзуапп мин нæ равардта æвеппайди Иссæ, фал æ костюми медæггаг дзиппи сабургай рауагъта æ къох, исиста си рæсугъд æма аййев фæлгонцгонд киунугæ æма мæмæ 'й æрбадаргъ кодта, уæдта сабургай загъта:

– Мæнæ ами Ленингради цæунцæ мухури мæ финститæ, нæхемæ Иристонмæ нæ хъæртунцæ æма сæ бакæсай. Æз æркастæн киунуги æндаг цъарæ æма ибæл бакастæн – Хуадонов Исса, «Гибель корана».

– Мæнæ е дæхе финст киунугæ 'й? – десгæнæгау æй бафарстон æз.

– Æз ибæл фæккустон куд арæхстæн, уотæ, кæд естæмæн исбæзза, уæд.

– Хуарз.

– Хуарз гъуддаг уодзæнæй, ка 'й бакæса, етæ си хуарз ку зæгъонцæ, уæд. Берæ ахур æма фæлтæрддзийнадæ гъæуй литературон кусти. Мах ба, куд уинис, уотæ бустæги æндæр гъуддагбæл ахур кæнæн. Æма дæ агоргæ дæр уомæн бакодтон. Кæд гæнæн ес, уæд мæн дæр сумах литературон къуармæ цæун ку уадзиуонцæ, уæд мин е устур агъаз уидæ,– фæффулдæр мин кæнидæ мæ литературон зонундзийнæдтæ.

Æз ин зæрдæ байвардтон, ке бадзубанди кæндзæнæн нæ разамунди хæццæ æма къуармæ цæун куд райдайа, уотæ ке бакæндзинан, уæдта ма ин загътон:

– Æрмæст мæмæ еунæг æхсæвæ уадзæ дæ киунугæ, æз ба 'й бакæсон.

– Дæуæн æй рахастон æз, æцæгæй дин ку зæгъон, уæд. Фал тæрсун дæ зæрдæмæ ку нæ фæццæуа, уомæй! – загъта Иссæ, æма æ медбилти бахудтæй.

– Кæд уотæ 'й, уæд мин æй дæхе къохи финст ибæл куд уа, уотемæй балæвар кæнæ.

– Уой бæсти бал æй ахсæви райсæ æма 'й бакæсæ, æма дæмæ кæд бустæги лæгъуз нæ фæккæса, уæд ибæл исон æрæвæрдзæнæн мæ къох.

Уалинмæ нæмæ фæдздзурдтонцæ æмбурдмæ. Цума рагæй зонгæ адтан, уотæ рахуæстæн æз Исси къохбæл æма 'й мæ хæццæ бахудтон къуари æмбурдмæ...

Еу æхсæвæ, æз бакастæн «Гибель корана». Уадзимиси хъæбæр аййевæй æвдист цудæй, зæронд дуйне ма еуминкъий фулдæр рацæрунмæ туххæй куд карз тох кодта нæуæг дуйней нихмæ, уой. Сæйраг дзубанди си адтæй, куд ма 'й гъуди кæнун, уотемæй зæронд царди тухтæ сæхецæн тохи хотухтæн куд райстонцæ Хъурани китаб, сæ тохи мадзæлтти динæй испайда кæнунбæл куд архайдтонцæ, уони. Фал еци карз тохи кæддæриддæр уæлахез кодтонцæ фæллойнæгæнæг адæм, нæуæг цард аразунбæл ка куста, дзиллитæн рохсмæ нæдтæ ка игарста, еци нæуæг фæлтæр.

Дуккаг бон ку фембалдан Исси хæццæ æма ин ку загътон, киунугæ мæ зæрдæмæ фæццудæй, зæгъгæ, уæд фегъæлдзæгдæр æй.

– Æма кæд уотæ 'й, уæд дин æй гъенур балæвар кæндзæнæн æма ибæл мæ къох дæр æрæвæрдзæнæн, – уæдта мин радзурдта, æ нæуæг киунугæ ин ке райстонцæ мухур кæнунмæ æма еу-фондз мæйемæ хецæн киунугæй ке рацæудзæнæй. Фал е уæддæр нæбал фæззиндтæй мухури, еци рæстæги Иссæбæл ци хахуртæ фæккодтонцæ, уой туххæй.

Зæгъун мæ фæндуй æ роман «Устур горæти»-й туххæй хуæрзцубурæй. Романи æвдист цæуй, раздæр хуæнхон талингæ цардæй дуйней рохсмæ ракæсæн кæмæн нæ адтæй еци фæсевæдæн нæ нæуæг сæветон догæ ци амонд æрхаста, æма син устур сахари устур скъолатæмæ ци урух нæдтæ исаразта, уони е.

Æма раст ку зæгъон, уæд фæсевæд, кæд æнахургонд адтæнцæ, мæгур хæ-дзæрттæй рацудæнцæ, уæддæр хъæбæр ниххæлæф кодтонцæ, ци скъолати дуæрттæ син байгон кодтонцæ, уордæмæ. Хутъинати Циппу æ рæстæги куд загъта, уотæ Иристони фæсевæд алли сахарти дæр бæз-бæз кодтонцæ. Уæрæсей рабфактæй, техникумтæй, институттæй алкæмидæр ахур кодтонцæ. Зинтæн дæр бухстæнцæ, стонг дæр æвзурстонцæ. Уæддæр сæ ахур кæнуни гъуддагбæл устурзæрдæ нæ кодтонцæ.

Уæхæн адтæй Хуадонти Исси романи сæйрай хъайтар дæр. Ирон хумæтæг биццеу бахаудтæй Ленинградмæ, устур сахармæ, æхецæн ахури бунат агорунмæ, фал бахаун æ бон нæ бацæй фиццаг анз, æма уæддæр устур сахарæй нæбал раздахтæй, кодта саугуст. Уотемæй æхе цæттæ кодта уæлдæр скъоламæ дæр.

Автори биографий элементтæ романи ке ес, е Исси хуарз ка зудта æма ин æ роман ка бакастæй, етæ сæ еугурдæр зудтонцæ. Е ба æй царди æцæгдзийнадæ, е æй сæребарæй ахурмæ тундзæг фæсевæди биографи. Исси хъайтарти хузæн размæ ка рацудæй, нæ нæуæг догæ цæрунæн, ирæзунæн нæдтæ кæмæн равардта, еци фæсевæди биографи...

Æгустæй, тухстæй ниууагътон æз Исси Ленингради. Е рауадæй хахуртæ ибæл ка фæккодта, уони фудæй.

Уотемæй рацудæй цæйбæрцæдæр рæстæг. Æма еу бон «Рæстдзинад»-и редакцимæ нæмæ 'рбахастонцæ финстæг. Ци си финст адтæй, уомæ дæр нæма æркастæн, уотемæй балæдæрдтæн финстæг Исси къохæй финст ке æй. Кæцæй финста, еци адресмæ æркастæн – «Туркмения, г. Чарджоу». Уордæмæ кæцæй æма куд ра-хъæрттæй, е мæ деси бафтудта. Уайтæкки фегон кодтон къонверт æма бакастæн: «Æз дин ку фæззæгъинæ уæддæр – мах рæстæги советон адæймагæн исæфунæй тас некæми æй, зæгъгæ. Ленинградæй рандæ дæн Туркменимæ æма мин мæ гъуддæгутæ дæллæй ку равзаронцæ, ку исбæрæг кæнонцæ фудгин нæ дæн, уæддæр цума ами туркменти æхсæн косгæ байзайдзæнæн, уотæ мæмæ кæсуй. Уой бæрцæ син бауарзтон сæ бæстæ æма сæ адæми. Æз ба рагæй дæр уотæ гъуди кодтон, æма кæддæриддæр адæмæн пайда уо æма кæмидæр дæр уо. Æма ма къæлæтти, гъазæгау, бафтудта: (æрмæст дæ алфамбулай советон адæм уæд). Мæ гъуддæгутæ рæстдзийнади надбæл ке фæррраст æнцæ, уой туххæй ба дæллæй гæгъæди райстон æма, æвæдзи, а хæстæгдæр бæнтти унаффæ дæр райсдзæнæн. Мæ царди хабæрттæй мæ ку фæрсай, уæд етæ дæр лæгъуз нæ 'нцæ: кæнун идарддæр мæ литературон куст, финсун радзурдтæ, еу цубур уацау финст фæдтæн, гъуди кæнун нæуæг, устур роман ниффинсунбæл нæ адæмти хæлардзийнади туххæй. Финст фæдтæн сценари æма ин ами дзæбæх аргъ искодтонцæ, мæ хæццæ бардзурд исаразтонцæ æма цæрунгъон куд уон, уотæ мæмæ æхцайæй дæр фæккастæнцæ...

Цалдæр боней фæсте ба нæмæ æрбахъæрттæй æ радзурд «Джума», уæдта уой фæсте ба æрветун райдæдта æ иннæ радзурдтæ дæр. Мухури æнцæ, архивти рагæй æфснайд ка 'й, еци ирон журналти.

Фал æ цард æма е 'сфæлдистадон цийнæ берæ нæ рахастонцæ – æ нервтæ, æвæдзи, кæронмæ сабурæй сæхе нæ бауорæдтонцæ æма си еууæхæни райстан хабар, дзоргæ ке нæбал кодта, уой туххæй. Игъосгæ ма кодта, фал дзорун ба æ бон нæбал адтæй. Алли сахарти берæ

дохтиртæбæл æма профессортæбæл æрзилдæй, фал ин сæ бон байагъаз кæнун не ’ссæй.

Хъæбæр зинæй ибæл райевгъудæнцæ еци бæнттæ. Фæстагмæ ’й ке исраст кодтонцæ, æ гъуддаги дзубандий аккагæй неци ес, зæгъгæ, еци унаффæ ку райста, æ гъудитæ еугурæйдæр фæстæмæ сæ бунати æвæрд ке ’рцудæнцæ, уой имæ ку фегъосун кодтонцæ, уæд хъæбæр фæццийнæ кодта. Сæйгæ уогæй дæр нæ ниуууагъта æ литературон куст. Хъаурæгин лæгмæ тухæ разиннуй цийфæнди уавæрти дæр. Профессортæмæ æма дохтиртæмæ ци хуасæ нæ разиндтæй Иссæн, уой агорун райдæдта æхе уодигъæди федардзийнади æма цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте нæуæгæй дзорун райдæдта, æрæздахтæнцæ имæ æ рæсугъд дзубандитæ. Æрлæудтæй бабæй æ литературон кусти.

Æфсæддон лæг нæ адтæй Хуадонти Иссæ æ кустмæ, æ цардмæ гæсгæ. Фал цæттæ адтæй, адæми багъудæй, зæгъгæ, уæд алцæмæ дæр. Косун райдæдта еу рæстæги æфсæддон скъолай нæхе сахари. Ахур кодта къурсити, советон закъонтæ ци ’нцæ æма сæ куд æнхæст кæнун гъæуй, уонæбæл. Уоми ’й æрæййафта Устур Фидибæстон тугъд дæр. Æма уæд æхуæдæг иссæй курсант – бацудæй хевæндонæй.

Къурситæ æнхæст нæма фæцæй каст, уотемæй барвæндонæй æхе ракурдта фронти раззагдæр рæнгъитæмæ. Иссæй десантон уæлдæфон хæйтти афицер. Еци рæстæг гитлерон лæборгутæ сæ тухгиндæр нимпурст исаразтонцæ Кавкази ’рдæмæ æма еци æрдонгти нихмæ ка тухтæй, уони хæццæ адтæй Иссæ дæр. Ци тугъдон арæхстдзийнадæ, нифс, зунд æма бæгъатæрдзийнадæ равдиста, уони туххæй берæ хæттити финстонцæ газеттæ.

Фал нæбал æрæздахтæй еци тугъдæй Иссæ. Ка ’й зонуй, абони ма æгас ку адтайдæ Иссæ, уæд æрæвæридæ æ роман «Устур горæти» фарсмæ «Устур тугъди», зæгъгæ, никки тухгиндæр æма рæсугъддæр финст роман. Фал æнæкæрон берæ ци советон Райгурæн бæстæ уарзта, уой кадæ æма сабурдзийнади сæрбæлтау равардта е ’ригон æма рæсугъд цард.

* * *

***Редакцийæй.*** *Хуадонти Исси роман «Устур горæт»-æн æ фиццаг хай хецæн киунугæй мухури рацудæй 1934 анзи. Уой размæ рацудæй Фæрниати Къостай (Фарниони) роман «Уады уынæр». Æма аци дууæ уадзимиси хумæтæги нимад нæ цæунцæ нæ советон национ литератури алæмæти фæззиндтитæбæл, зæгъун æнгъезуй, иссæнцæ нæ маддæлон æвзагбæл романистики бундорæвæргутæбæл.*

*Хуадонти Исси роман æнæгъæнæйдæр ниммухур кæнун бæргæ хуарз уидæ, фал газети гæнæнтæмæ гæсгæ уæхæн равгæ нæййес, уомæ гæсгæ ба си мухур кæнæн айдагъдæр æ кæронбæттæни хай.*

***Мæ зæрдтагон Мери, уотæ бакæнæ æма мин мæ туфлитæ рауæйæ кæнæ. Мæн нецæмæн гъæунцæ, æнæмæнгæ сæ рауæйæ кæнæ æма бал уин фагæ уодзæнæнцæ, фæстæдæр ба архайдзинан... Дæхе дæр æма сувæллæнтти дæр хуæрдæгъæуагæ ма ниуудзæ æгириддæр. Дзубанди æфсес цардбæл нæ цæуй, фал цæрунæн цæйбæрцæ гъæуй, уобæл...***



**ХУАДОНТИ Иссæ æма æ цардæмбал Мери (Карсанти Меретхани хæццæ).**

# БЕРÆ ГЪУДДÆГТÆ

Рабфаки студенттæ рахæлеу æнцæ бадт фæлладæй. А фæззæги куд хуæрзхуз лæхъуæнтæ адтæнцæ, уæд ист ка ’рцудæй, етæ, некæми зиннуй уæхæнттæ. Ка ивадхуз, ка ба идзаг, фал уæддæр фæллад, мæтъæлгомау. Ходгæ дæр кæнунцæ игъæлдзæгæй, гъазгæ дæр (хъæбæрдæр хестæр къурсити ка кæсуй, етæ), фал уæддæр а фæззæги хузæн нæ ’нцæ. Бæрæг сæбæл æй, минкъий ке нæ бахъиамæт кодтонцæ» анзи дæргъци, е.

Вано Иласи хæццæ рацудæй æма æндегæй ку ’рлæудтæй Илас, уæдта ’й бафарста Вано:

– Хуæрунмæ нæ цæуис?

– Нæ гъавун хуæрунмæ.

– Гъо, мæнæ мæ кинугутæ нæхемæ хæссæ.

Вано киунугутæ райста.

– Кумæ ба цæуис?

– Кумæ, зæгъис?

Уотæ рæхги Илас рауидта фæннæхстæр уогæ, ци трамвай æй гъудæй, уой æма уоци тæхгæ бацудæй æма трамвайи уайгæ-уайгæй фæббадтæй.

– Сом стъæраф, – загъта æваст кондуктор, Илас ку фæммедæг æй.

– Цæй туххæй?

– Уайгæ-уайгæ ке рабадтæ, гъе уой туххæй.

– Ма мæмæ ку нæййес абазийæй уæлдай.

– Мадта милиционермæ ку ’схъæрттæн, уæд участокмæ рандæ уодзæнæ.

– Нæ ма раевдæлдзæнæй.

Ку ’схæстæг æнцæ милиционер кæми лæудтæй, уордæмæ, уæдта Илас рафарста:

Нæ гъави ниууадзунмæ æнæ милиционер?

– Нæ гъавун, е ба иннæ хатт мабал бадай.

– Мадта ирайгæ, – зæгъгæ ма еци уайгæй рагæпп ласта. Берæ нæбал рацудæй, бахъæрттæй Мæхæмæтети æндзæрæнмæ.

Мæнгæттæй нæ фæззæгъунцæ, «берæгъæн дæр æгæр хуæрдæ нæ тайуй». Илас æрбаййафта Ладемури дуйней адæми астæу коменданти дуармæ. Сергойетæ дæр уоми адтæнцæ.

И тæлтæг лæхъуæн аци хатт хъæбæр ниммæтъæл æй. Æ фий æ реугудури фæйнæгбæл рамбæлунмæ гъавта, уой асæбæл ниггубур æй нæ Ладемур. Теголæй ибæл ка лæудтæй, етæ адтæнцæ студенттæ, дæвдтитæ кæмæй æрцудæй æма хъæбæр мæстгун ка ’дтæй.

Кавказæй давунмæ æрцудтæ ардæмæ? – гъæр кодта еу студент. Мæлæти берæ нæмæ нæййес мулк, æма дæхе берæгъау ниццæвисæ...

— Нуртæккæ куд иссера, цидæр фесавдæй æндзæрæнæй, уотæ ин бакæнун гъæуй, – дзурдта еу ма.

Хъаугъа куд истинг æй, уомæ гæсгæ студенттæ фулдæр кодтонцæ æма Ладемури мæкъури цурхтонцæ æфхуæрæн дзурдæй цидæр зудтонцæ. Еу лæхъуæн ба хæстæг бацудæй и давæгмæ, æма ин æ фæрститæбæл дзуапп ку нæ лæвардта, уæдта ин æ тæрних хæрдмæ искъуæрдта. Устур гъулæг фæккастæй Иласмæ, е ’рдигони ин ке ниццавдæй, гъе æма уоци еу цæф никкодта æхе Ладемури ка ниццавта, уобæл. Хъæбæр æй ракъуæрдта. Студенттæ рахæлæмулæ ’нцæ, исуастонцæ, а дæр уой æмбал æй, зæгъгæ, фал сæ Гагийетæ æрсабур кодтонцæ.

– Давæг æфхуæрунмæ закъон ес, — загъта Илас æхе раст кæнуни туххæй, – æма ин закъонæй ци ’мбæлуй, уой бакæндзинан еумæ, уæ къохтæ ба уæхемæ даретæ.

Участокмæ æрвист æрцудæй Ладемур, Илас ба æ бæстæгти хæццæ бацудæй æндзæрæнмæ.

– Дессаг нæмагæ лæг ку сдæ, Илас, гириз кæнун райдæдта Мæхæмæт. – Не студенти нин еунæг цæфæн ку мардтай.

Иласæн нæмуни гъуддаг нæбал цудæй рагæй дæр æ зæрдæмæ æма æнæрагъудийæй ку фæррæдуидæ, уæд уайтагъд, цæмæй феронх адтайдæ и хили кой, уобæл куста. Еске ма си ести ку дзора иннетæй дæр, зæгъгæ, уой тасæй æхе дзурд фæрразæй кодта.

– Гъазтизæр нæмæ ес æма уин билеттæ исхастон.

– Дæ цæрæнбон бирæ, мах чи нæ рох кæны, – æ усхъæ ин æрхуаста Æндре. – Кæсут ма йæм, уæ мадæлтыстæн, а фæззæджы гыццыл лæппу, ныр та – дынджыр лæг Хъураныстæн, ай ныл рон бабæтдзæн тагъд.

Радзубандитæ кодтонцæ, æдта ци адтайдæ, уæдта Илас исистадæй.

– Не ’мбæлттæй ма еске ку фæххонæн, уæд син билеттæ разиндзæнæй? – бафарста Гагий.

– Иссердзинан, рахонетæ, ке уæ фæндуй.

– Естиаг ба уодзæнæй уогæ?

– Магъа, æнæ бакæсгæ цæмæй бæрæг æй?

– Цал сахаттебæл æй?

– Астебæл.

– Хуарз мадта, мах дæр еуастемæй цæудзинан, ниххудтæй Мæхæмæт.

– Серго, гæгъæди нецима ес уæ гъæуæй? – фæстæмæ фæззилдæй дуарæй, уотемæй рафарста Илас.

– Уæллæгъи, нæй.

– Æвæдзи, уогæ дæр нæмуйнаг æй.

– Æз дæр афтæ æнхъæл дæн.

– Мадта байзадæй Знагкадифурт æнæ бæрæгæй.

– Цæмæн, мæнæ тагъд нæхимæ куы цæуæм, æмæ уæд фендзыстæм.

Илас нецибал загъта, уотемæй рандæй.

Мæхæмæтетæ куд загътонцæ, уотæ бакодтонцæ: алке дæр си æ хæццæ æмбал райста æма астемæй ниццудæнцæ гъазтизæрмæ. Куддæр вестибюльмæ фæммедæг æнцæ (ке кой кæнай – къæсæрмæ), сæ размæ фæцæй Геуæрги. Æ къох ин райстонцæ еугурæй дæр, уæдта еунæг Серго æризадæй æ хæццæ.

– Геуæрги, куыд зонын, афтæмæй коммунист дæ.

– Коммунист дæн, – загъта игъæлдзæгæй Геуæрги, æ галстук æ дууæ æнгулдземæй рауидта.

– Уæдæ æз æмæ дæуæн аипп нæ уыдзæн гом ныхас бакæнын кæрæдзиимæ.

– Æцæгæйдæр афтæ у, – исарази æй Геуæрги. Серго имæ æнæууæнкæ каст бакодта.

– Хæрæг ын йæ мæрдтæ бахæрæд, Знагкады-фырт, гæды ныхас чи зæгъа. Цæмæй дæ фæрсын, уымæн мын комкоммæ дзуапп ратт.

– Уæллæгъи, ратдзынæн, мæнмæ æмбæхстæй ницы ис.

– Зæгъ-ма уæдæ, кæцы хъæуккаг дæ? – бафарста Серго, æхуæдæгка ма туххæй уорæдта æ губуни ци маст нимбурдæй, уой медæгæй. Геуæрги уотæ æнæфсæрмæй ке дзурдта, ходгæ хæлæмулæй, æдасæй, цæветтонгæ, хъæбæр федар зæнхæбæл лæудтæй, содзийнау цъæстæ кодта Сергой фæрстæ.

– Ау, æмæ уым цы бамбæхсинаг ис? Горæтаг дæн, – загъта Геуæрги никкидæр гъæрдæрæй, æхецæн бабæй æ фудбони билæ æ зекъæбæл рамбалдæй.

– Партимæ та кæм бацыдтa?

– Горæты, «Кавцинчы» куыстон, афтæмæй.

– Рабфакмæ дæр дæ «Кавцинк» рарвыста.

Знагкати Геуæргийæн еци фарст ниййазæлун кодта е уæнгтæ. Цæбæл дæр фæссекк æй, æваст æ хузæ фейййивта.

– Æгъа, куыдзæй гуырд, гыццыл дæм бахъардта, æнхъæлдæн – æрцардæй Серго, Геуæргий уотемæй ку рауидта.

– Рабфакмæ зæгъыс? – рахæлæмулæ ’й Геуæрги.

Серго ба, цæветтонгæ, арф мæскъити берæгъи фæдбæл фæууадæй æма хъæбæр ку ниффæлладæй, уæдта ’й æрахæста, раймардта æма ибæл исбадтæй а фæллад уадзунмæ, уотæ мæстгунæй нæбал, фал зæрди дзæбæхæн фæрсун райдæдта.

– О, о, рабфакмæ дын гæххæттæ чи радта?

– Суд, суд мыл ис, æви?

– Цавæр суд у? Дыууæ ироны стæм æмæ нын диссаг у кæрæдзийы лæмбынæг зонын? – бæрзонд хъурæй загъта Серго.

– Цæй, æндæр хатт баныхас кæндзыстæм, хъæзтизæр райдыдта æмæ ныл æрæджы кæны, – зæгъгæ, æхе къæпхæнтæмæ кæсæг ракодта Знагкади-фурт, уæдта фæззилдæй.

– Фæлæуу-ма, фæлæуу, хъæзтизæр никуыдæм алидздзæн, ныхасгонд уал фæуæм.

– Бонтæ ма нын уыдзæн ныхас бакæнынмæ, – нæбал ниллæудтæй Геуæрги, æма исцудæнцæ залмæ.

Зал æ тæккæ идзаг бацæй адæмæй. А дууæ лæги ма туххæй фæххуæст æнцæ бунæттæбæл, се ’мбæлтти ба ергæ дæр нæбал искодтонцæ. Уони æрбацудмæ сцени æмбæрзæн игонгонд æрцудæй. Сцени дууæ фарсемæй дууæ къуари рацудæй æнгæпгæнгæ, сæ еугуребæл дæр æнхузæн хъæппæлтæ:

– Æгас нæмæ цæуæд майи фиццаг бон! – зæгъгæ, дууетæ дæр æнгъæлæсæй дзурдтонцæ, сæхуæдтæ ба еумæ къæлæт ралæудтæнцæ.

6

***ХУАДОНТИ Исси роман «Устур горæти» редактор адтæй зундгонд ахургонд Дзагурти Губади. Æма е уотæ финста: «Жизнь показана реально: роман носит реалистический характер, но с заметным налетом натурализма, что объясняется молодостью писателя, делавшего первые, но довольно смелые шаги на литературном поприще,***



Советон доги райдайæни студенттæ. Хузæ ист æй социалон хизæгтæй.

# БЕРÆ ГЪУДДÆГТÆ

Илас еу къуарæн æ тæккæ разæй лæудтæй, нур ба кæронмæ фæцæй. Кæми заргæй, кæми дзоргæй алли хузи финстонцæ сæ цудæй сцени. Уæдта бабæй къæлæт хæнхитæ фæллæудтæнцæ, æма Илас астæумæ бауадæй.

– Майи бон нæ сæргъи, – хъæбæр гъæрæй загъта.

– Æрлæудтæй цийнæй, – загътонцæ иннетæ.

– Нæхуæдтæ нæ зæнхи, – загъта бабæй Илас.

– Нецибал нин æй! – загътонцæ иннетæ.

Ци ма сæбæл рацудайдæ, цалинмæ никки уæхæнттæ дзурдтонцæ, ка ’й зонуй, уæдта майи фиццаг бони заргæнгæ дууердæмæ сцени фæрсти балæгæрстонцæ.

Дуккаг кезу адтæй артистти. Заргутæ, кафгутæ, дзоргутæ æма æндæртæ æййивтонцæ кæрæдзей. Уони фæстæ ба конферансье (е ба студенттæн сæхецæй адтæй) рацудæй æма æхгæд æмбæрзæни разæй дзурдта адæммæ: дæс минутти антракт!

Кæсгутæ базмалдæнцæ сæ бунæттæй. Ка тамаку думунмæ, ка – буфетмæ, ка ба – гъазæн залмæ уадæнцæ. Хъæбæр тагъд зали ефстæгутæй уæлдай некебал райзадæй. Уоци ефстæгутæй еу адтæй Нинæ дæр.

Нинæ бадтæй æртиккаг рæнгъæбæл (фиццаг дууæ рæнгъебæл профессортæ æма ахургæнгутæ бадтæнцæ). Берæ, мæгур, фенгъæл кастæй артистти кезу ку ’рхъæрттæй, Иласæн ба еци рæстæги кустаг нецибал адтæй сцени. «Нуртæккæ мæмæ рацæудзæнæй»,– зæгъгæ, фал некæми ма неци. Нур антракти туххæй дзурд ку рацудæй, Илас æхе хæдонæ ракодта æ уæле, уотемæй рауадæй. Нинæ, цæветтонгæ, ибæл хор бакастæй æмбесæхсæви, хъæбæр байдзулдæй. Пакъуйæй дæр фæлмæндæр фæцæй еци фæнникъулди æ зæрди.

Æвæдзи, Иласи æнæ рахъуригæнгæ нæ фæцайдæ, куддæр æ размæ бацудайдæ.

Силгоймаг уарзгæ ку кæна, берæ æхцæуæн, адгиндзийнæдтæ ес æ къохи æ уарзони туххæй. Æ дзурдæй муд æртæдзун кæндзæнæй, е ’вналдæй ба – царв. Гипнозгæнæг нæ уодзæнæй, уотæ фæттæрдзæнæй æ рази æстонг æма ехæнæй æ уарзони, сæ дууæ дæр æй нæ лæдæрдзæнæнцæ, уотемæй. Ци хъал фæууй еци силгоймаг, кæцимæн æхе дæр фæуарзуй и уарзон! Ци амондгинбæл фæннимайуй æхе! Ци хъæбæр игъæлдзæг цард фæккæнуй мæгурæй дæр! Фал Нинæ ба...

Илас куддæр рацудæй. Нинæ æ рази бадтæй, дууæ гæппи бакæнæ, æндæр æй неци гъудæй, фал минкъий уоддæр Мæхæмæти еунæгæй бадгæ рауидта æма, цæветтонгæ, Нинæ цума уоми нæ адтæй, бацудæй Мæхæмæти размæ.

Нинæ ма æ фæсте бакастæй, уæдта æ сæр æруагъта æма ин æ реу, цæветтонгæ, æлхъевгæ никкиндæй уæззау къæйити буни, уоййасæ зин ин иссæй уолæфун. Силгоймаг ке уарза, уобæл листæг нецæй туххæй дæр æ зæрдæ хъæбæр ходагæ ’й. Еци минут Нини зæрдæ уоййасæ фæрристæй, æма ’й, æвæдзи, хъæмайæй рарæхуайгæй тог нæ рагъардтайдæ. Цалинмæ Илас сцени дзоргæ кодта, уæдмæ устугутæ ирæзтæй. Уой ба уобæл, æма еу къуар хатти æригъуста хæстæг имæ ка бадтæй, уонæй: еци лæхъуæни хъур æндони гъæр кæнуй, зæгъгæ. Нур ба къахтмæ нæ ниххаудзæнæ, кенæ ба никкидæр хуæздæр, – цирти дæ нæ байивæрд уодзæнæй цæрдуодæй, уотæ фæнниллæг æй Нинæ, æхуæдæг æхе цæсти. Хебæрагæ ку фестадайдæ, фæккудтайдæ хъæбæр.

– Ци фæдтæ? Æз ба дæу ку хезун уæдæй ардæмæ, – загъта Мæхæмæт, Илас имæ ку бахъæрттæй, уæд.

– Уæртæ мæ «артисти хъæппæлтæ» æййивтон, – гиризæй дзурдта Илас.

Мæхæмæт фестадæй, ниххуæстæй Иласи цонгбæл æма рацудæнцæ, Нинæ ба ма хъазауати каст ракодта Иласи фæсте æма ’й Мæхæмæти хæццæ ку рауидта, нæбал адтæй æ бон фезмæлун, «гæр, уæртæ куд фæццæуй», – зæгъгæ.

– Илас, сценæмæ дæмæ ку кастæн, уæд мæ зæрди ци рафтудæй, уой зонис?

– Ци?

– Болай дæмæ бакæсун кæнæ еци фæлхæнти, цума ма дæ базудтайдæ.

Уалдæнгæ ба Илас Серго æма Геуæргий дзубандигæнгæ рауидта æма Мæхæмæти дæр уордæмæ бахудта.

– Уæдæ мын ацы æхсæв нæ хъавыс дзуапп дæттынмæ, Знагкады-фырт?

– Цавæр дзуапп, цавæр? Цы мæ байардтай, хæс дæ дарын, мыййаг?

– Ихæс дарис, ихæс. Дæхе зонун æнгъæл нæ дæ? – æ дзурд багæлста Илас.

– Бакæсут ма саухъусмæ дæр!

Илас æ цæстæ радардта зилдæгæй адæмбæл. Расагъæс кодта, сцени дæр ма ’й рацæун ке гъæуй, уобæл æма нецибал исдзурдта. Æндæра дæ фудголæн, а фæстаг рæстæги фадуат рауæн æригъустайдæ уæхæн æфхуæрæн дзурд Геуæргийæй... Уæдта ин æной дæр Мæхæмæт æ къохбæл ниххуæстæй æма ’й рахудта.

– Æгæр ма тæвдæ кæнæ, мæ лимæн, – Боламæ нецибал исхъæртдзæнæй.

– Аци кæцеу билæн еу Бекири хузæн лæги фурт æнæ разингæ нæййес æма куд гæдзæ кæнон, е мæ хæццæ раб¬факи ку бада?

– Сабургай кæнгæ ’й, Илас, уæхæн гъуддаг. Гъæуама дæ зонгæ дæр ма бакæна, ести ин бакодтай, уой. Нур имæ ду æма Серго куд дзоретæ, уотемæй æ сæри ести ку уа, æ уодæн ба ку тæрса, уæ цæстæ дæр æй нæбал рауиндзæнæй. Æма дæмæ куд кæсуй? Игъаугидæр дин нæй, ду æй ма уинæ æма фæнди ахур кæнуй, фæнди ба цохгонд уæд.

– На-а æгириддæр куд нæ ахур кæна, мæн уотæ фæндуй.

– Кæд дæ уотæ фæндуй æма кæд æцæгдзийнадæй сайæггадæй бацудæй рабфакмæ, уæдта ин зæгъун нæ гъæуй, неци ин ракæндзæнæ уомæй фудæрдæмæ.

Берæ дзорунмæ сæ нæбал раевдалдæй дигорон лимæнти.

Раст уорс мегъи пъæсту хор куд байауон кæнуй æнæнгъæлти, уотæ байауон æй Мæхæмæт æма Иласи дзубанди Нини уиндæй. Ци хъæбæр мæтъæлæй, тæрегъæддагæй кастæй еци «æфхуæрд» кизгæ Иласи цæститæмæ, æ рази ку ’рлæудтæй, уæд. Ци берæ зинтæ финст адтæй еци æрвхуз, рæсугъд дууæ цæстеми æнæзингæ ханхæй!

Илас ба лæдæргæ дæр не ’ркодта, еци каст цæмæ цудæй, цæй нихмæ адтæй, уой. Уотид æй банимадта, гъома, Мæхæмæти рази æфсæрми кæнуй æма сабур лæууй, зæгъгæ.

– Æз цæугæ кæнун, – загъта Нинæ, æхецæн æ ростæбæл сурх тæлмитæ рабадтæй. Æ сæр ниллæггомау дардта, кастæй зæнхæмæ, цæветтонгæ си ести фесавдæй, уотæ.

– Кумæ цæуис? – фиццаг бал Мæхæмæтмæ æфсæрмигæнгæ бакастæй, уæдта бафарста Илас.

Мæхæмæт сæмæ ку ’ркастæй, уæд æхе уæлдаййæн банимадта сæ рази, нецибал бафарста Иласи, уотемæй æхе раласта. Аци дууæ дæр еуварс рацудæнцæ.

– Нæхемæ цæун.

– Дæ зæрдæмæ нæ цæуй нæ гъазт?

– Мм... цæмæннæ...

– Мадта кумæ хæлæф кæнис?

«А æгириддæр неци лæдæруй æви мæн мæстæй маруй, – расагъæс кодта Нинæ, – зæгъон ин, æма бабæй ку фæммæстгун уа...»

– Æз дæумæ гæсгæ æрбацудтæн ардæмæ, дæхуæдæг дæр зонис уой.

– Хаир уæд, – бахудтæй Илас, – арфæ кæнун уотæ мæ ке нимаис.

– Мадта мæ ду ба цæмæннæ нимаис? – исхаудтæй Нинæй ци зæгъунæй тарстæй, æма листæг, тухходæзмолæй никкастæй Иласмæ, кæд неци зин дзурд искæнидæ, зæгъгæ. Илас хезæнти æнцойнæбæл æхе бауагъта æма кастæй зали дуар куд рахгæдтонцæ, фæстагдæр ма ка бацудæй, уой фæсте. Уæдта сабургай е ’нгас Нинæмæ разилдта æма ’й, цæветтонгæ, некæд фæууидта, кæсун имæ райдæдта æнæдзоргæй. Уæхæн каст ба Нинæ уингæ дæр некæд фæккодта. Цæветтонгæ имæ содзинтæ исараздæй аллирдигæй, уотæ æ бунат нæбал зудта и кизгæ – Илас ба кастæй æнæ æрфæлкъуæргæ, æнæзмæлгæ, еудадзуг æнхузæнæй.

– Гъазтизæри дуккаг хай райдæдта, Илас, – фæккодта Нинæ, ци исдзурдтайдæ, уой куд нæбал зудта, уомæ гæсгæ.

Уæддæр Илас ба æ каст нæма уагъта.

– Сценæмæ дæ цæун нæ гъæуй?

– Гъæуй, – загъта еци æнæ ’рфæлкъуæргæй Илас.

– Мадта цæмæннæ цæуис?

– «Нимайгæ» дæ кæнун.

Силгоймаги зæрдæ римæхст гъуддаг балæдæрунмæ æцæг хуасæ ’й. Зонагæ ’й адæймаги тогæвард. Æвæдзи, ибæл сайд ефстагæй уæлдай некæд цæуидæ, уоци зонундзийнади хæццæ ма имæ еунæг сахъат ку нæ уайдæ: æхебæл не ’ууæндуй. Гъуддагæн е ’цæг балæдæруй рæхги, цæугæ ба ин арæхдæр ракæнуй æ мæнгæбæл.

Нинæ дæр æнæ зонгæ нæ адтæй, Илас имæ ци цæстæй кастæй, уой, фал æй æхецæн нæ гъæр кодта. Бонæй-бонмæ сосæггай зæрдæвæргæ цудæй æхецæн: «Уруссаг нæ ’й, æвæдзи, уонæмæ уотæ ахур нæ ’нцæ æма нæма æрлæдæрдтæй, фал дзæбæх лæхъуæн ку æй æма куд нæ балæдæрдзæнæй мæн»... Илас ба рæстæг куд æййевгæ цудæй, æма имæ Нинæ куд æнгъæл кастæй, уомæ хæстæг дæр нæ цудæй.

Цалинмæ и кизгæ æфсæрми кодта, æнхæст ибæл нæма райахур æй, дессаг имæ кæстæй, æ цонгбæл ин куд ниххуæцидæ, куд ибæл нингон кæнидæ æхе, куд игъæлдзæгæй гъазидæ æ хæццæ. Фал ибæл ку исахур æй, уæдта имæ дессаг нецибал кастæй уонæй. Цæугæ ку кæнидæ Нинæмæ, уæд ин гъæунги дæр бæрæггонд адтæй æ мед-зæрди, цитæ æрцудайдæ сæ астæу фембæлди, гъе.

Еу хатт Нинетæн сæ дуарæй фæстæмæ дæр раздахтæй, уæддæр æй нæуæг гъуддагæй нецибал уодзæнæй, зæгъгæ.

Æвæдзи, тагъд, цид, не ’рцудайдæ Нини уинунмæ, фал æ дзурд æнхæстгæнагæ ке адтæй, сайун ке нæ уарзта, уой фæдбæл адтæнцæ æ цудтитæ. Нинæн хуæрзбон ку зæгъидæ, е ба ’й нæбал уадзидæ «кæд фæууиндзинан, кæми фæууиндзинан», зæгъгæ. Ци амал ма уидæ Иласæн æнæзæгъгæ æма уой фæсте ба æнæ цæугæ?

Нур Нинæн æ цæстæмæ ку бадардта æ дзурд, мадта мæ ду ба цæмæннæ нимайис, зæгъгæ, уæд и кизгæ дзуапп нæбал иссирдта. Иласи зæрди ба æрбафтудæй Нини райгъæлдзæг кæнун. Уотæ рæхги зали дуар фегон æй æма дууæ лæхъуæни трусиктæ æма майкити хæлæфæй æрбауадæнцæ Иласмæ.

– Мах æмбурдæй дæу ку хезæн, рацо гъæйдæ...

Илас Нини æрбахудта æ бунатмæ, æхуæдæгка фæммедæг æй сценæмæ.

– Æмбал Федари-фурт, уотæ не ’нгъезуй, – загъта инструктор.

– Ниххатир кæнтæ, æз цæттæ дæн, – зæгъгæ, уайтагъд æрбакодта æ цъумур дарæс.

Сцени цуппар къумемæй прожекортæ фæйнæхузи рохс никкалдтонцæ физкультурниктæбæл, рæнгъæй ку рацудæнцæ, уæд. Æртæ зелæни æркодтонцæ сцени зæнхи, бацудæнцæ фæстæмæ. Еу къуар си фæстæмæ фездахтæй, турник расагътонцæ. Уæдта бабæй рæнгъæй рацудæнцæ еугурæй æма инструктори дзурдмæ гæсгæ турникбæл пирамидæ ракодтонцæ сæхецæй. Прожекторти рохс рæстæгæй-рæстæгмæ æ хузæ уотæ æййивта, æми и пирамидæ кæми фестидæ цъæх кæрдæги буни, кæми уорс дзæгæрæги буни, кенæ бабæй ибæл, цæветтонгæ, тог равгæдæуидæ, уотæ.

Никкидæр ма берæ цидæртæ равдистонцæ еумæ, уæдта хъæбæр æрдзæф сæбæл кодтонцæ зали бадгутæ, уотемæй фæййауон æнцæ.

Æрдзæф нæма багъос æй, уотемæй фæстæмæ рацудæнцæ æртæ спортсмени æма инструктор. Илас дæр уони спортсментæй еу адтæй. Инструктор лæудтæй къуми, спортсментæй дууæ турники къæхти рази фæллæудтæнцæ, Илас ба æ тæккæ бунмæ бацудæй. Рохс имæ раст копæраузи хузæнæй никкастæй.

Уоми уæхæн гъуддæгтæ равдиста Илас турникбæл æма адæмæн сæ сæригъунтæ хъел ниллæудтæнцæ, дууæ спор¬тсмени ба æргъæвд лæудтæнцæ ку ’рхауа, зæгъгæ.

Уоци æвдисти фæсте ба адтæй бокс. Уæдта инструктор сценæмæ рацудæй æма загъта гъæрæй:

– Фæстаг дæр ма уой æвдесдзинан нуртæккæ æма нæ фехтований къуари ци хуæздæр дууæ ес, етæ рапиритæй хуæцдзæнæнцæ.

Зал нирдзæф кодта.

Инструктори дууæ фарсемæ фæллæудтæнцæ рапирити хæццæ дууæ лæхъуæни.

Инструктор сæ еуей рапирæ радаргъ кæнун кодта размæ.

Уæдта инней.

– Александр Резцов!

Æхуæдæгка еуварс рацудæй.

Илас æма Александр сæ кæрæдземæ сæхе фæззилдтонцæ, сæ рапирити фийтæ раба кæнун кодтонцæ æма фæййагайдтонцæ.

Зали медæгæ еуæй-еутæ фæуæлæ уиуонцæ сæ бунæтти, æнгъалдтонцæ сæ еу-инней рамардта, зæгъгæ. Хъæбæр хуæстæнцæ дууæ дæр. Кæрæдземæн барæ нæ лæвардтонцæ фиццаг, фал уæдта Александри цонг сабурдæр есун райдæдта æхе. Илас ба уæд тæвдæ кæнун райдæдта.

– Æллæх, зæгъгæ, ку фæгъгъæр кæнидæ æ карз рæхусти хæццæ, уæд

**. Цуппаринсæй анзей размæ (1945 анзи 6 майи) Федар Бреслауи (нури польшаг сахар Вроцлав) гарнизон, адтæй си 40 мин гитлерон æфсæддони æма афицери сæхе барвæндонæй равардтонцæ 1-аг Украинаг фронти æфсæддонтæмæ.**

***несмотря на наличие в нем замеченных недостатков, роман имеет большое художественно-познавательное значение». Иннæ литературон æртасгутæ дæр ин бæрзонд аргъ искодтонцæ, сæ гъудимæ гæсгæ Хуадонти Исси роман «Устур горæти» банимайæн ес ирон советон литератури агъазиау æнтæстдзийнадæбæл.***



адæм бангъæлионцæ, фæймард кодта, зæгъгæ. Фæуунмæ хæстæг ба Александр æхе давун райдæдта, уæдта сцени ледзуни фæцæй. Илас ин æ фæд уæгъдæ нæ уагъта, цалинмæ инструкторæй дзурд рацудæй.

– Берæ ’й!

Зал бабæй ниггур-гур кодта. Александр нæбал ниллæудтæй сцени, Илас ба æ сæрæй ракувдтитæ кодта адæм æрдæмæ, уæдта фæййауун æй.

* * *

Кæд Ленингради рæсугъд сæумæ ескæд адтæй, ескæд æ цæргути зæрдитæ хъæбæр игъæлдзæгæй ирадæнцæ, уæд еци сæумитæй еуебæл нимайун гъæуй аци сæумæ дæр. Косунмæ неке цудæй, фал уæддæр трамвайтæ ба сæ тæккæ идзагæй æзгъуардтонцæ дууердæмæ. Ка си цудæй, адæмæй ба некæбæл фæууидтайсæ цъумур, æнæгъуацъæ хъæппæлтæ. Цæветтонгæ, æгас анз адæм сæхе раст гъе еци бонмæ фæццæттæ кодтонцæ, уоййасæбæл федудтонцæ хор æ сугъзæрийнæ тунтæй ци рæвдзæ гъæунгтæ ниррохс кодта, уонæми.

Заманай æррæстæ гъæунги ку ракастайсæ, фæрстæ ма дуæрттæбæл рафелауæ-бафелауæ кодтонцæ сурх турусатæ. Бæхгин æфсæддонтæ адæмæн сæ раззаг кæрон фæззиндтæй, еу гъæунгæй фæззилдæнцæ, уотемæй. Уадæнцæ сæпп-сæппæй. Дзармадзантæбæл цуппæргай бæхтæ, кенæ æхсæзгай бæхтæ ефтигъд. Бæхгинтæ ба æверхъау рæвдзæй алли тохæндзаумæуттæй уадæнцæ, уæддæр сæхе медастæу ба къуæрттæ-къуæрттæ адтæнцæ, – бæрæг адтæй.

– Ракæсай-ра, Вано, ци рæсугъд æнцæ æфсæддон адæм, – дзурдта Илас, айдагъ трусикти къæразæбæл æхе бауагъта æма æндæмæ кастæй, уотемæй.

– Кæци ’рдæмæ цæунцæ, парадмæ æви парадæй? – рафарста хуссигъæлдзæггомауæй Вано.

– Парадæй.

– Мадта æрæги кæнуй, истун гъæуй.

Сæ дууæ дæр айдагъ трусикти рацудæнцæ æхснæндонæмæ, хуарз сæхе фæууидтонцæ уазал донæй сæ къохæй сæ сæрмæ. Цалинмæ адæм арæх кæнун нæма райдæдтонцæ æхснæндони, кæрæдзебæл дæр ма фæккалдтонцæ и дон. Уæдта хæлæфæй рарæвдзæ кодтонцæ сæхе, фæййагайдтонцæ сехуар кæнунмæ.

Хъæбæр игъæлдзæгæй цудæнцæ дууæ дæр. Сæ зæрдитæ ирадæнцæ бони игъæлдзæгмæ. Нецæй сагъæс сæмæ адтæй майи фиццаг бонæй уæлдай.

– Вано, ду кæци рауæн цæудзæнæ?

– Оркестри, мæ флейти хæццæ.

– Барæн-ба, цæгъдæг ку дæ, фæ ’й иронх дæн.

– Ду ба?

– Æз ба физкультури взводæн къæмæндирæн æвзурст дæн.

– Ци мæгур æнцæ, ду ке къæмæндир дæ, – райайуан кодта Вано.

– Мæгур мах ан, ду ке цæгъдæг дæ, – гъæргомау ниххудтæй Илас, уæдта æваст фæллæудтæй.

– Ци кæнис, цæмæн ниллæудтæ?

– Цæугæ бал ду, æййафун дæ.

– Тагъддæр цæун гъæуй, кенæ ба адæм исберæ уодзæнæнцæ хуæрæндони.

– Гъо, гъо, цогæ.

Вано рацудæй еунæгæй, Иласи ба гъæунги бекъæбæл ниууагъта. Фæккæсидæ фæстæмæ, фал Илас нæ фезмалдæй æ бунатæй Ваной фæйййауууони уæнгæ. Уæдта æ бакомкоммæ иннæ тегъæмæ бацудæй. Уоми ба лæудтæй хуæрзфæлустæй Нинæ.

– Дзæбæх уо, Нинæ, – зæгъгæ, ин Илас æ къох райста.

– Дæуæн дæр уой мæ цæстæ уарзуй, – загъта Нинæ.

– Ци рагиау исистадтæ?

– Дæу размæ рацудтæн, – мæтъæлгомауæй дзурдта Нинæ.

– Естæмæй мин тæрсис, æвæццæгæн, бахудтæй Илас æмæ Нини къохтæ рауурста. – Мæлæти уазал нæ дæ, мæ хуæрæ.

– Хъæбæр рагæй лæуун ами, ехæн дæр исдæн.

– Ести бæллах æрцудæй, – куддæр тарстхузæй рафарста Илас, листæг бакастæй Нинæн æ цæститæмæ.

Неци зиндтæй и дууæ цæстеми уой тухxæй, æма зæнхæмæ кастæй Нинæ. Илас ин æ дууæ уалхъосебæл æ арми тæпæнтæй фæххуæстæй, ис ин хъел кодта æ сæр. (Хуæздæр ма цæмæ бакастайдæ уæд?) Æ цæстисугтæ ростæбæл æруадæнцæ, цæсгони медæгæ ба уой бæрцæ æнкъард, зæрдресæн гъуддæгтæ финст адтæй, æма Илас фæттарстæй еци хузи уиндæй. Хъæбæрдæр ба Иласæн зæрди уедæгтæ е ралух кодта æма дзоргæ ке неци кодта Нинæ.

– Кæд мин зæгъис дæ хабар, кенæ ба æз цæугæ кæнун, – байдæдта Илас. Еци фæнникъулди Иласи сæри магъзи рагъазтонцæ талингæ мегътæ. Фæммукъур кодта æхе, æрбайвазта Нини къохтæ. «Нур а ци кæнуй, кæд æй Хуцау нæ ралгъиста?» – зæгъгæ, расагъæс кодта Илас, ра ’й фарста нæуæгæй:

– Зæгъис æви нæ?

Фал имæ Нинæ кастæй раст фæсмонгонд Магдалини цæститæй, дзоргæ ба неци. «Кæд æй е ’нсувæр Александр сæхецæй ратардта», – ра бабæй сагъæс кодта Илас.

– Александр дин дæ зæрдæ естæмæй фæххудун кодта?

Кæд къудурон ести фæдздзоруй, уæд Нинæ дæр дзурдта.



Юрий Побережныйи конд хузтæ (сери «Зæронд сахари хузтæ»).

– Мадта кæд дæхе барæй къуæтти кæнис, уæдта ирайгæ, – загъта Илас æма фæннæхстæр æй.

– Барæн, барæн, – загъгæ, кæугæ хъурæй исдзурдта Нинæ æма ’й нийййафта.

– Игъосун дæмæ, – мæстгунæй дзурдта Илас, фал Нинæй неци фегъуста. Никкидæр ма бафæрститæ кодта и кизги æма имæ кæсунæй уæлдай дзоргæ ку нæ кодта, æхе ратудта æма хæлæфæй рандæй, Нинæ ба уоми байзадæй Иласи фæдбæл кæсгæй.

Майи фиццаг бони фæсте райевгъудæй мæйæмæ хæстæг. Студенттæй ахур некебал кодта: ка рæвдзитæ кодта æ хæдзарæмæ цæунмæ, ка ба агурдта куст уалдзæги рæстæги.

Дзæхæрадæнтти адæм зиннун райдæдтонцæ. Бæлæсти къомбох рацæй цъæх-цъæхид рæсугъд сифтæ. Маргъ сæбæл арæх нæ зиндтæй, фал сæбæл ка ’дтæй, е ба хъæбæр игъæлдзæгæй цъæбар-цъубур кодта.

Лæги зæрдæ ирадæй дуйней игъæлдзæгмæ. Цæветтонгæ, устур арв адæмæн зæрдитæ æвардта гъæздуг кувдæй, уоййасæ игъæлдзаг адтæнцæ, дзæхæрадони Илас ке фæуyидта, етæ.

Силгоймæгтæ бабæй фæззиндтæй æнæдус хъæппæлти, бæгъæнсæрттæй, фал нур ба дессаг нæбал кастæнцæ биццеумæ. Цæветтон, æнæ уотæ на ’дтæй амал, уæхæн зунд ниффедар кодта æхемæ. Æцæг арæх æхецæй фефсæрми уидæ еу гъуддагæй: æ рæзти ку рацæуидæ æнæдустæй силгоймаг, цубур дæллаггури, нæ имæ лæудтæй сосæггæй æнæ бакæсгæ; ку ибæл райевгъуидæ, зæнгитæ рабæрститæ кæнидæ æ еуварс æнгæсæй.

Зæнхæн æ зуймон салдæй ци фæд байзадæй – уомæл, – е æхе нæма исафта, фал дзæхæрадони ба хъæбæр нæ ’дтæй æзменси буни. Зæгъун æнгъезуй, нæма никкодта Иласбæл уæхæн игъæлдзæг бон, зæгъгæ. Еуæрдигæй дуйней рахаст – алцæмæй рæсугъд, иннемæй ба Иласи рабфакмæ цæун нæбал гъудæй. Цæттæ кодта æхе æндæр рауæнмæ. Уæдта ма ибæл еума æхцæуæн гъуддаг дæр рамбалдæй: Михаили хæццæ æрлимæн æнцæ. Е ба уотæ рауадæй, æма Михаил куддæр рацудæй, Иласи хæццæ ци къомнæти цардæнцæ, уордиги, ба ’й лæдæрдтæй, дигорон æвуд ке адтæй, уой, фал имæ зин кæсун райдæдта Иласæй хатир корун. Илас дæр æхе нигъгъæдæг кодта, нæ фарста бурятаги нецæбæл. Ахур кæнуни анз æ кæронмæ ку ’рхъæрттæй, Михаил нæбал ниллæудтæй, æрдзурдта Иласæн, æ зæрди цидæр адтæй, уони æма кæрæдзей къохтæ райстонцæ. Берæ фæххудтæнцæ, аййеппæн æй банимадтонцæ сæхецæн, уотæ æнæбунати зæрдихудт ке адтæй, уой.

Нур дзæхæрадони зелæнтæ кæнунмæ Михаил а фæззæги хузæн нæбал æй. Фæттæнæгдæр æй æ цæсгон, æ цæститæ дæр, цæветтон, урухдæр фæцæнцæ. Нецибал ибæл ес æ бурятаг æнахур хъæппæлтæй: неке бал имæ амонуй æ къохæй, гъома, китайаг фæццæуй, зæгъгæ.

– Мадта, зæгъис, дæ даргъ дзиккогини хæццæ рагæй дæр нæбал уинетæ кæрæдзей? – айуан фарст бакодта Илас еци цæугæ-цæугæй Михаили æма ’й уарзон тилд бакодта æ цонгæй. Михаил минкъий расурхгомау æй, фал уайтагъд фейййивта æ хузæ.

– Ка неци кæнуй, е некæд рæдуйуй, – загъта Михаил.

– Гъе дæр мин еу урок адтæй æма фæййевгъудæй. Æ кой кæнунмæ дæр нæ бæззуй, уæлдайдæр ауæхæн... – Æ дзурд фескъудæй, ра ’й лæдæрдтæй Илас, зæрдæй ке нæ дзурдта æ лимæн, уой. Бæрæг адтæй, Михаилæн уæззау дор ке ивардта еци хабар æ зæрдæбæл. Еу расагъæс кодта Илас, дзубандий сæр фейййевон, зæгъгæ, фал уæдта иннердæмæ фæззилдæй.

– Цидæр зæгъунмæ ку гъавтай «уæлдайдæр ауæхæн», зæгъгæ, дæхуæдæгка ку нигъгъос дæ.

Михаил гъæдæг фæлæудтæй.

– Гъома, зæгъун, ауæхæн рæсугъд рæстæги нецæмæн гъæунцæ нæбæзгæ хабæрттæ.

– Уæллæгъи, раст зæгъис.

Михаил бахудтæй: еци «уæллæгъи» ин æ зæрди æрбафтудта Иласи æ сирди замани.

– Нæбал æй гъуди кæни, а фæззæги ходæгæй куд мардæнцæ нæ уиндæй адæм.

– Хъæбæр гъуди кæнун, фал е дæр нæ бæззуй имисунæн.

– Цæмæннæ ба бæззуй? Мæнмæ гæсгæ, æгæр хуарз дæр æй.

– Рæдуйгæ кæнис, мæ лимæн.

– Цæмæн рæдуйун? Арази нæ дæн, Илас, дæ хæццæ.

Илас æхе фæййездон кодта, æрфгутæй, цæветтон, æлхъевгæ фæккодта æ цæститæ, уотæ фæттаингæ ’й (æноси дæр устур дзуапп дæтгæй уотæ кæнидæ).

– Нæ дæ арази? Ба мæмæ игъосæ мадта, æз ба дин зæгъон.

– Игъосун дæмæ.

– Мæстгун хъæбæр ке кодтан урусмæ, ходгæ нæбæл ку кæниуонцæ, уæд, уой ма гъуди кæнис?

– Цæмæннæ.

– Нæ бон син ку адтайдæ, уæд сæ бунтибун сугъд ке никкодтайанæ, уой дæр ма зонис?

– Зонун.

– Мадта урусæн рæдуд ке адтæй еци худт, гъе дæр ди æруагæс кæнуй?

– Уобæл син сæхе бафæрсун гъæуй.

– Нæ сæ фæрсæн, нæ. Ленини дзуапп нæ фагæ ’й балæдæрунмæ.

– Гъи, гъи, фæуæд уотæ дæр, ци зæгъунмæ гъавис?

– Уой зæгъунмæ гъавун, æма урусæн еци маст нæ зæрди ку дарæн, некæд ислимæн уодзинан. Кæрæдземæ нæ уæд æноси æзнаги цæстæй кæсун гъæуй. Дæхуæдæг расагъæс кæнæ урусæй дæр циуавæртæ дæр неци лæдæрдтæнцæ, сæ цубур цæстингаси бæллахæй гириз кодтонцæ махбæл. Æз æма ду ба гъæуама нæ сæрмæ дæр ма ’рхæссæн уоци рæдуд надбæл цæун. Гъæуама байронх уæн нæ уруссаг æмбæлттæн сæ аци æфхуæрæн миутæ. Куд дæмæ кæсуй?

– Мæлæти идардмæ ’й нæ ратардтай.

– Æндæр амал нæййес.

– Кунæг дзубандитæ нæ кæндзæнæ, дæ гъæумæ ку исхъæртай, уæд, – ходгæй ин æ усхъæ бахуаста Михаил.

– Мадта лæвари бадун анз аци заманай горæти. Ци фæдздзубанди кодтайуонцæ дууæ лимæни, уæдта Илас æ гъæуккæгтæмæ рандæй унаффæ кæнунмæ сæ цæуни тухxæй.

Иннæ бон ку ралæудтæй, уæд изæрæрдæмæ устур къуар карзинкитæ, æндæрти хæццæ вокзалмæ рацудæй. Сæ гъæрходæ, игъæлдзæг дзубандимæ син æгас адæм æригъосиуонцæ. Уоци къуари хæццæ адтæнцæ, кедæр базудтан и киунуги нæ Иристони фæсевæдæй, етæ. – Ладемур æма Геуæргийæй фæстæмæ.

Берæ нæбал басабур æнцæ, поездмæ над райгон æй æма рабадтæнцæ. Сахатти æрдæг ма райевгъудæй, цалинмæ дзубанди, æндæртæ кодтонцæ, вокзалмæ сæ хæццæ ка рацудæй урусæй дæр æма æнæуой дæр, уони хæццæ, уæдта æфсæйнаг цæлхитæ низзæлланг ластонцæ, зеу заргæ рафардæг æй Иристонмæ.

Цуппаринсæй анзей размæ (1945 анзи 6-11 майи) 1,2 æма 3-аг Украинаг фронтти æфсæдтæ æнтæстгинæй ке исæнхæст кодтонцæ, еци размæмпурсæн операций фæрци Чехословакий сæйраг сахар Прагæ уæгъдæгонд æрцудæй немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй.

*Уæрæсей Параолимпаг комитети унаффæй æ хайадæ игонгонд æрцудæй Цæгат Иристони дæр. Æ сæргълæууæгæй æвзурст æрцудæй нæ республики Парламенти депутат Уртати Азамат. Æ загъдмæ гæсгæ, архайд цæудзæнæй, параолимпаг æзмæлд махмæ иситинг уа, цæмæй сахъат адæм спорти хузти архайуонцæ, уомæн уавæртæ исаразун – сувæллæнттæй ба саужнгæ хестæрти уæнгæ. Ихæс æй, уонæн агъаз кæнун, цæмæй сæ бон уа сæхе цæттæ кæнун дзиллон еристи архайунмæ.*

## ЛÆДÆРГÆ АДÆЙМАГИ ХÆЦЦÆ ÆНЦОН ÆЙ ДЗОРУН ДÆР ÆМА ГЪУДДАГ АРАЗУН ДÆР!



# ДÆ БОН ÆЙ АМОНДГУН УН ÆМА УО!..

Алли адæймагæн дæр æ цæргæцæрæнбæнтти ралæууй уæхæн рæстæг, æма æхе амондгунбæл ку банимайуй. Фал фæууй уæхæн уавæртæ дæр æма айдагъ æхе нæ, фал ин æнæгъæнæ дуйне дæр æнæуинон фестуй. Æма уомæн æндæр хузи уæн дæр нæййес, уомæн æма дуйней исконди фæткитæмæ гæсгæ дæ нивæ дæ амонди уæлиаумæ куд исесдзæнæй, уотæ дæ дæлиаумæ дæр æргæлдздзæнæй. Уой ни алкедæр лæдæруй. Фал еуетæн уомæ гæсгæ сæ уæгæ мæлуй, иннетæ ба никки разæнгарддæрæй архайунцæ сæ цардиуагæ зæрдæмæдзæугæдæр кæнунбæл.

Цума ду ба ци хузи адæммæ хауис? Дæ бон æй амондгун ун? Аци фарстатæн ба цæмæй дзуапгъон уай, уомæ гæсгæ мухур кæнæн мæнæ аци фарстатæ дæр.

Дæлдæр ци фарстатæ лæвæрд цæуй, уонæй еуебæл дзуапп радтæ.

**1.** Дæ евгъуд цардбæл ку фæгъгъуди кæнис, уæд циуавæр хатдзæгмæ 'рцæуис?

а) хиццагæй си неци адтæй, лæгъузæй уæлдай.

б) хуарздзийнæдтæ си фулдæр адтæй.

в) алцидæр си хъæбæр зæрдæмæдзæугæ адтæй.

**2.** Бони кæрон дæ ахиддæр ци уавæри æрæййафуй?

а) дæхецæй арази нæ фæууис.

б) адтæй бон хуæздæр рарветæн.

в) дæхецæй арази уогæй бафунæй уис.

**3.** Айдæнæмæ ку фæккæсис, уæд фенгъæлис:

а) «О, Хуцау, рæстæг ци хъæбæр æнæхатир æй...»

б) «Бустæги исæвд нæма 'й уавæр».

в) «Алцидæр хъæбæр зæрдæмæдзæугæ 'й».

**4.** Дæ зонгитæй кадæр берæ æхца рамулдта, зæгъгæ, хабар фегъосгæй, расагъæс кæнис:

а) «Мæнмæ уæхæн амонд некæд æрхаудзæнæй!..»

б) «Мæнгардæй исцæфсæд. Æз цæмæннæ рамулдтон?!»

в) «Мæнмæ дæр ескæд æрхаудзæнæй еци нивæ...»

**5.** Газеттæй кенæ радиойæй ести цауи кой ку фегъосис, уæд дæхецæн фæззæгъис:

а) «Мæнмæ дæр еци уавæр æнгъæлмæ кæсуй...»

б) «Мæ амондæн, мæнбæл не 'рцудæй...»

в) «Аци репортертæ барæй исдессаг кодтонцæ еци цау...»

**6.** Сæумæй ку æригъал уис, уæд ахиддæр:

а) æгириддæр нецæбæл гъуди кæнун дæмæ фæццæуй.

б) аци бон ци гъуддæгути архайдзæнæ, уони исбарис.

в) бон ке ралæудтæй, уомæй боз дæ, æ хæццæ ести нæуæг хуарздзийнæдтæ хæсдзæнæй, зæгъгæ.

**7.** Дæ лимæнтæбæл ку фæгъгъуди кæнис, уæд фæззæгъис:

а) бустæги зæрди фæндон нæ 'нцæ.

б) уонæмæ дæр ес аййеппитæ.

в) хуæрззæрдæ адæм æнцæ.

**8.** Иннети хæццæ дæхе баргæй, æрцæуис хатдзæгмæ:

а) «Фагæ аргъгонд мин нæ цæуй...»

б) «Æз иннетæй цауддæр нæ дæн...»

в) «Раздзæуæгæн бæззун, уой иннетæ дæр лæдæрунцæ...»

**9.** Дæ уæзæ цалдæр килей бæрцæ ку фæффулдæр уа, уæд:

а) катаййи бацæуис.

б) дессагæй си неци ес.

в) еци фæдбæл дæ хуæрди бæрцæ фæмминкъийдæр кæнис æма спортæй архайун райдайис.

**10.** Дæлбарæ уогæй:

а) дæ ирисхъæ æлгъетис.

б) лæдæрис æй, дæ еци катай рæстæгмæ ке æй, уой.

в) архайис дæхе райерхæфсунбæл.

**Нур ба дæ дзуæппитæн аргъ искæнæ мæнæ ауæхæн нимадæй:**

**«А» дзуæппитæн æвæрис – 0 балли, «Б» – æвæрис 1 балл, «В» дзуаппæн ба – 2 балли. Цал очкой æрæмбурд кæнай, уомæ гæсгæ ба хатдзæгтæ уодзæнæнцæ:**

**17-20 балли.** Уойбæрцæбæл нивгун адæймаг дæ æма ди æруагæс дæр нæ кæнуй. Цардбæл цийнæ кæнис, еугай къулумпидзийнæдтæ нецæмæ даргæй. Цардуарзон адæймаг ке дæ, уомæ гæсгæ цæуис дæ лимæнти зæрдитæмæ дæр, цæрæццаг дæ. Фал уой хæццæ ба дæ алфамбулай ци цаутæ цæуй, уонæмæ æгæр уæлæнгай цæстингасæй нæ кæсис? Ка 'й зонуй, æрвонгдæр æма лæмбунæгдæр æркаст дæр дæ нæ багъиæ дардзæнæй.

**13-16 балли.** Æвæдзи, амондгун адæймаг дæ, æма дæ царди цийнæдзийнæдтæ фулдæр ес – гъенцъундзийнади хæццæ рабарæй. Зæрдхæлар æма сабуртог дæ, сæрбонзонгæ, алцæмæ дæр кæсис æрвонг цæстингасæй, æнцон дин нæй, дæ рæбун ка 'й, уони хæццæ.

**8-12 балли.** Амонд æма æнамондзийнадæ рæстæмбес бунат ахæссунцæ дæ царди. Кæд дæ амондгундæр ун фæндуй, уæд зиндзийнæдтæй ма тæрсæ, нифсгунæй сæбæл æмбæлæ, дæ лимæнтæбæл æнгъæлдийнæ кæнæ, сæ тухсти сæ еунæгæй ма уадзæ.

**6-7 балли.** Алцæмæ дæр сау кæсæнтæй кæсун ахур дæ. Уотæ нимайис, цума дæ ирисхъæ исакаг кодта æнамондзийнадæн, æма хатгай, уомæй дæхемæ иннети æргом раздахис. Фал дæ кæми æма цæмæн гъæуй. Фулдæр архайæ игъæлдзæг, цæрæццаг зæрдирахаст кæмæн ес, уæхæн æхсæнади унбæл. Дæхецæн ести зæрдæмæдзæугæ архайд ку иссерай, уæд е дæр хуæрзæрдæмæ фæззиндзæнæй дæ зæрдиуагæбæл.

## ЦАРДИ УАРЗТ КУ НÆ УА, УÆД СИ ЦАРД ÆХУÆДÆГ ДÆР НÆ УОДЗÆНÆЙ!..

# ТÆККÆ ХУÆЗДÆР – ÆГЪДАУ, УАРЗОНДЗИЙНАДÆ

Еу бийнонтæ цардæй, адтæй сæмæ зæронд дæр, фал сæмæ æгъдау федар нæ адтæй.

Æхсæви мет рауардта. Сæумæй зæронд лæг исистадæй, æндæр некема иситадæй, æма кæсуй: метбæл фæд.

– А ба цæй фæд æй, мæнæй уæлдай ку некема исистадæй?

Рандæй фæдбæл æма гъæдæмæ иссудæй. Лæг дестæ кæнуй.

– А ци хабар æй!

Уæд имæ къотæрæй кадæр радзурдта:

– Е мæн фæд æй, уæ хæдзари амонд дæн æма, уæ ци гъæуй, ци корис, уой мин зæгъæ.



Хузæ ист æй социалон хизæгтæй

Зæронд лæг уотæ:

– Æз нæхемæ рафæрсон.

Сæхемæ фæрсунмæ фендæй æма фæрсуй бийнонти:

– Нæ амонд нæ фæрсуй, ци уæ гъæуй, зæгъгæ, æма ци ракорон? Бицеутæ загътонцæ: «Хуар, зæнхæ».

Уæд кæстæр киндзæ дуари рази æрбалæудтæй æма загъта:

– Æгъдау, уарзондзийнадæ.

Зæронд лæг бацийнæ кодта:

– Гъе, е хуарз загъта: æгъдау, уарзондзийнадæ.

Зæронд лæг раздахтæй гъæдæмæ, сæ амондмæ, æма уæдæй фæстæмæ дзæбæхæй цæрунцæ.

## НАУЧНЫЕ ЭКСПЕРИМЕНТЫ



# В ПОИСКАХ НОВЫХ ГРАНЕЙ СЧАСТЬЯ

Более тысячи ученых из семидесяти стран начинают очень масштабный проект. Его цель – разобраться, что на самом деле приносит людям счастье. Исследование охватит тридцати тысяч добровольцев по всему миру и протестирует различные стратегии повышения настроения.

Отметим, разобраться со счастьем ученые, прежде всего психологи, пытаются уже много лет. Ведь, практически, речь идет о смысле жизни. Поставлены сотни экспериментов, предложены самые разные теории. Сегодня считается, что наиболее близко подошли к сути американские психологи Эдвард Деси и Ричард Райане, а также Мартин Селигман. Именно их исследования дали основу науки о счастье.

Эдвард Деси и Ричард Райане, являются авторами теории саморегуляции, которая существует уже более тридцати лет. В ней два главных компонента. Первый связан с внешней и внутренней мотивацией, второй – с тремя постоянными источниками мотивации. Это автономия (я хочу решать, что делать со своей жизнью); компетентность (я хочу уметь хорошо делать что-то); принадлежность (я хочу оставить после себя наследие для других людей).

Мартин Селигман стал автором «позитивной психологии». В книге «Сильные черты и добродетели характера» привел классификацию 24 положительных черт человека. Опираясь на результаты исследований, Селигман пришел к выводу, что существует пять основных факторов, способствующих преуспеванию и благополучию: положительные эмоции (самая важная из них оптимизм), вовлеченность, позитивные отношения, смысл (он связывает жизнь человека с значительной целью), мастерство и компетентность.

По словам одного из авторов нового проекта, профессора Элизабет Данн из Университета Британской Колумбии, новое должно не только дать научное понимание счастья, но и сделать шаг к созданию универсальных рекомендаций для улучшения качества жизни в разных уголках мира.

По этому поводу автор комментария в «Российской газете» (в номере за 12 февраля с.г.) Юрий Медведев так заметил: «Планы, прямо скажем, очень амбициозные. Остается надеяться, что они действительно откроют новые грани счастья, а значит пути к нему...» Что ж, будем надеяться и мы, жаждущие счастья и радости в жизни...

Дигорæ

Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 938**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 29.04.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 29.04.2025.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**